ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№46 (23.704) ● 2018 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 7, щэбэт ● И уасэр зы тумэнщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Іутіыж махуэшхуэм теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис православнэ христэнхэм си гуапэу сохъуэхъу цІыхухэм я псэр гуфІэгъуэкІэ зыгъэнщІ, гуапагъэм хуэзыгъэушэ, гурыщІэ нэхъ дахэ дыдэхэмрэ цІыхугъэмрэ яхуэзыгаплъэ Іутіыж махуэшхуэмкІэ.

КЪЫПХУЭМЫЛЪЫТЭНЫМ хуэдизу инщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и православнэ члисэм цІыхубэм я зэхэщІыкІыр къэІэтыным, щІыблэр гъэсэным, тхыдэр, щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэкъэ хьумэным хуэгъэзауэ зэфІигъэкІ лэжьыгъэм и мыхьэнэр. Апхуэдэу абы къаІэн ин егъэзащІэ щІыналъхэм, лъэпкъхэм я зэпыщІэныгъэхэр гъэтэмэмыным, республикэм мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ щыгъэбыдэным и лъэныкъуэкІэ.

Нобэ православнэ христэнхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми си гуапэу сохъуэхъу узынщагъэ, насып, ефІэкІуэныгъэ яІэну.

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Кремлым щригъэкІуэкІащ Къэрал Советым и зэІущІэ. Абы щытепсэлъыхьащ Іуэхукіэ зэрызэпеуэр къэралым и субъектхэм щыщІэзгъэхуэбжьэнымкІэ лэжьыпхъэхэм. ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий

ЗэІущІэм кірихьэлІахэм захуигъазэри къэралым и унафэщІым жиІащ: «Урысей Федерацэм и Президентыр зэрыхахрэ дэ иджы япэу Къэрал Советым и зэІущІэ едгъэкІуэкІыу аращ. Фэ псори фыщыгъуазэщ иджыпсту ди къэралым Іуэху инхэр кьыІэрыпэщцытым. Ахэр гъэзэщІэным псоми кьарууэ яІэр ирахьэлІэн икІи граждан жыларэзыр, бизнесри, властым и органхэри кьрашэлІэн хуейщ. ЗэрыгурыІуэгъэщи, абы и лъэныкъуэкІэ Іуэхушхуэхэр кьапэщытщ Урысей Федерацэм и субъект псоми».

ЗАХУАГЪЭРЭ пэжыгъэрэ хэлъу Іуэхукіэ зэпеуэныр, къиГъэлъэгъуащ Президентым, экономикэ, технологие зыужьыныгъэм и лъабжьэщ, къэралым щІэгъэзыужьауэ зеГъэужьынымкІэ, гъащІэм и Іэнатіэ псори щэщІауэ япэкІэ гъэкІуэтэнымкІэ щэсыпІэщ.

Іуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу кьыхагъэщащ бизнесым и Іэнатіэм административнэ текІуэзэныгъэр щыгъэтІэсхъэныр, хабзэ мардэхэр гъэтэмэмыныр. Апхуэдэу хьэрычэт Іуэхущіапіэ мыинхэмрэ социальнэ унэтІыныгъэ зиІэ зэгухьэныгъэхэмрэ къэрал, муниципальнэ заказхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ зэфІэгъэкІыным нэхъ зыубгъуауэ кьыхашэну, къэрал, муниципальнэ мылъкум и реестр зэгуэт кьыІэрагъэпэщыну, мылъкумрэ щІымрэ щыщу кьамыгъэсбэпхэр е фейдэ щІагъуэ кьызыпамыхэр нэхъ нэгъэсауэ яубыхуну кьыхальхьащ.

ЗэІущІэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ «Іуэхукіэ зэпеуэным хуэгъэза къэрал политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ятеуухуауэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м кьыдигъэкІа Указ №618-м щыубзыхуа кьаІэнэхэр зэфІэгъэкІынымкІэ лэжьыпхъэхэм.

«Къэралым и зыужьныныгъэр икІэщІыпІэкІэ щІагъэхуэбжьэнымкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ экономикэ щхьэхуитныгъэхэр кьыІэзгъэщынум, Іуэхукіэ зэрызэпеуэр егъэфІэкІуэным», - кьыхигъэщхьэхуэкІащ УФ-м и Президентым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Іэтащхьэм Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщІэнымкІэ планыр къащтэ

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и президиумым и зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ. Депутатхэр абы щыхэплъащ Іуэху зэмылІужьыгъуэу тІощІым щІигъум.

ПАРЛАМЕНТАРХЭМ къащтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий 2018 гъэм гъатхэпэм и 23-м республикэм и Парламентым Зэрызыгъэзам кьыщыгъэуэ Іуэхухэр гъэзэщІэным хуэунэтІауэ зэфІагъэкІыныр я планыр. РегламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ, КъБР-м и Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуІуныкІэ и комитетым и унафэщІ Кансаевэ Еленэ зэрыжиІамкІэ, а планыр икъуэкІэ тэмэму убзыхуат. Абы кьызэригъэувымкІэ, псори зэхэту Іуэху зэмылІэужьыгъуэу 33-рэ яГъэзэщІэн хуейщ. Абыхэм япкъ иткІэ законопроекту 2 ягъэхьэзырынущ, парламент едзІуэныгъэ, лъэныкъуэ зыбжанэм я лІыкІуэхэр зыхэтыну 5, Правительствэм, комитетхэм я Іуэхухэм щытепсэлъыхьыну зэІущІэу 6, нэгъуэщІ лэжьыгъэхэри кьызэрагъэпэщынущ.

«Планым кьыщыгъэлъэгъуа псори тэмэму икІи яГъэува пІалъэм хуэфащэ дГъэзэщІэн хуейщ», - кьыхигъэщхьэхуэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ.

Комитетхэм я пщэ иралъхьащ планым щыубзыхуахэр зэрагъэзащІэм теухуа информацэр зэман пыуэхыкІахэм кьриубыдэу КъБР-м и Парламентым и Унафэщым иратыну.

Апхуэдэу депутатхэм кьащтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2018 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м егъэкІуэкІынум теухуа унафэ.

Президиумым и зэІущІэм щыхэплъащ федеральнэ закон зыбжанэм я проектхэм, УФ-м и Налог кодексым зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным, бюджет Іуэхущіапіэхэм электрокъарумкІэ ятелъ щІыхуэр гъэмэщІэным, ныкъуэдыкъуэу кьалъхуахэм ящыщу церебральнэ паралич зиІэхэр санаторэхэм щыгъэхуэжным хуэгъэзауэ УФ-м и адрей субъектхэм кьыхалъхьа жэрдэм щхьэхуэхэм.

ЗэІущІэм кьыщащта унафэм ипкъ иткІэ КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхыльыр иратащ Мылькур къэралым егъэтхынымкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ кьулыкъущіапіэм и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Пщыгъуэш Аслъэн, ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ КъБР-м и щІыналъэ фондым кІэлъыплъныныгъэ-кьэпщытэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ Бэгъуэгъ Руслан, КъБР-м и прокуратурэм уголовнэ тезырхэр щагъэзащІэкІэ законым зэрытетым кІэлъыплъныныкІэ и кьудамэм и унафэщІ Къуэкъуей Артик.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіалэгъуалэ правительствэм хэтхэр кьащтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм теухуа Положенэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м кьыдигъэкІа Указ №85-УП-кІэ кьиущам и пункт 3.3-м ипкъ иткІэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм хэтхэр кьащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Кьэру имыІэжу кьэпльытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм хэтхэр кьащтэным и Іуэхукіэ» 2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 11-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм кьиущта Унафэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий.

Налшык къалэ
2018 гъэм гъатхэпэм и 2-м
№14-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм гъатхэпэм и 2-м кьыдигъэкІа унафэ №14-РГ-мкІэ кьиущащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм хэтхэр

Аулъэ Ахьмэд Іэхьед и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и унафэщІыр

Поротниковэ Юлие Александр и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и унафэщым и кьудамдэр

Тюбеев Мурат Абдулыхь и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и унафэщым и кьудамдэр

Ало Астемыр Руслан и къуэр - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министрыр

Гамаевэ Мариям Магомед и пхъур - экономикэ зыужьныныгъэмкІэ министрыр

КІыщокъуэ Кьантемыр Руслан и къуэр - энергетикэмкІэ, тарифхэмкІэ, псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъныныкІэ министрыр

Кирпэ Виктор Сергей и къуэр - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министрыр

Куэцэ Елбэрд МуІэед и къуэр - граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэныкъэ лъэпкъхэм я Іуэхухэмкіэ министрыр

КъуэщІысокъуэ Тимур Мустэфир и къуэр - финансхэмкІэ министрыр

Мэрем Ланэ Роберт и пхъур - печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ министрыр

Мыз Инал Мухьэмэд и къуэр - уху́нысыгъэмкІэ, псэупІэ-коммуналь́нэ, гъэсэгу хозяйствэмкІэ министрыр

Савельев Георгий Олег и къуэр - курортхэмрэ туризмэмкІэ министрыр

ТІатІым Мурат Мухьэриб и къуэр - транспортымрэ связымкІэ министрыр

Теммоевэ Саидэ Ислъам и пхъур - щІымрэ мылъкумрэ я Іуэхухэмкіэ министрыр

Теунэ Каринэ НурІэдэм и пхъур - спортымкІэ министрыр

Хьэгъэжей Иринэ Артур и пхъур - щэнхабзэмкІэ министрыр

Шарифи Роман - узынщагъэр хъумэныкІэ министрыр

Щыхъалы ФатІимэ Борис и пхъур - промышленностымрэ сатумкІэ министрыр

Шыбзыхъуэ Аскэр Заурбэч и къуэр - щІыуэпсымрэ и хьугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ министрыр

Щоджэн Уэсмэн СулътІанбэч и къуэр - лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныкІэ, социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ министрыр

Сэхураным щІадзэ

Нобэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и губгъуэхэм гъатхасэ кьэкІыгъэхэр гектар мини 4,5-м щыхалъхьащ.

МИНЕРАЛЬНЭ щІыгъэпшэрэхэр бжьыхьэсэхэр зытет щІыуэ гектар мин 25-м тракІутащ, 2017 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ ар проценти 103,2-рэ мэхъу.

Республикэм и тафэ Іыхьэм хиубыдэ щІыпІэхэм сэхураныр щытрасэу щІадзащ. А кьэкІыгъэр халъхьащ гектар 300-м щІигъум.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Промышленность

Зэдэлэжьэныгъэр щІагъэхуабжьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ Іуэхущіапіэхэм ирагъэфІакІуэ зэпытщ «Транснефть» ПАО-м зэрыдэлажьэм.

ИЛЪЭС къэс хохъуэ щыдагъэ къыщІэзышэм продукцэу Іэрагъэхьэм и куэдагъым. Къащтэмэ, 2015, 2016 гъэхэм кабель лІэужьыгъуэу, зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу, сом мелуан 435-рэ, сом мелуан 605-рэ я уасэ хурагъэшащ. Нэгъабэ «Транснефть» ПАО-м иращащ сом мелуан 656-рэ и уасэ продукцэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Гъатхэ сэгъуэм йогугъу

Дзэлыкъуэ щІыналъэм гъатхэ вэн-сэныр мазаегъатхэпэ мазэхэм фІэмыкІыу щызэфІахащ.

ЩІЫНАЛЪЭ администрацэм мэкъумэш Іэнатіэмкіэ и кьудамэм дыззэрыщигъэгъуэзамкІэ, мэлыжьыхьым сэныр нэсмэ, щІым кьытрахыну гъавэм и процент 25 - 30-р кІэрыхунущ, жылэр зыхуэинум хуэдиз псыГагъэ щІым зэрыщІэмылъыжьым кьыхэкІыу. Аращ мэкъумэшыщІэкэр Іуэхум пасэу щІыпІэрыхьар.

Мэкъумэш Іэнатіэкэр сыткІи егугъуащ мы районым и дуней щытыкІэм кьеозэгъ жылапхъэфІхэр кьызэрыхахыным. Апхуэдэкэм ящыщу, къапщтэмэ «Северо-Кавказский 6» гуэдз лІэужьыгъуэр. Хэплъыхьауэ зэрагъэпэщащ хьэпцІий, зэнтхъ, джэш щхъуантІэ жьлэхэри. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми кьуатынкІэ хьуну бэвагъыр районым и гъавэ хьумапІэхэм я лабораторэхэм пасэу кьыщапшытащ.

Мазае-гъатхэпэ мазэхэм ирагъэкІуэкІа сэгъуэм ипэ иту хьэсапкъэхэм щІыгъэпшэрхэмкІэ елэжьащ, ягъэщэбащ. АПК-м и Іэнатіэхэр зыхуеину техникэхэмкІэ хъарзынэу кьызэгъэпэщащ. Гъавэр щхъуантІэу кьыщызэщІэувэм ирихьэлІэу хьэсэм хьыхьну зэрапщІэ машинэхэри хьэзыру щытщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Налшык

ЦІыхухэм псэупІэкІэ ядоІэпыкъу

Кхъахэ хъуа унэхэм цІыхухэр кьыщІэгъэІэпхъуэкІыным теухуауэ республикэм иІа программэр гъэзэщІэныр и кІэм нэсащ. Абы ипкъ иту Налшык къалэ администрацэм итащ фэтэр 589-рэ.

«УНАГЪУЭЩІЭХЭР псэупІэкІэ кьызэгъэпэщын» программэ гуэдзэным и лъэныкъуэкІэ зыдэІэпыкъуахэри унагъуэ 64-рэ мэхъу. Иджыпсту гупІытІэ щхьэхуэ зыхуэщІыпхъэу кьаГъэлъагъуэр коммуналь́нэ фэтэрыжьхэм кьыщІэнауэ щІэсхэрщ. Абыхэм иридэІэпыкъуну иджыри зы Іуэху кьыхалъхьащ. Абы хиубыдэнущ Налшык и «Искож» хьэблэм Кадыровым и цІэкІэ щыІэ уэрамым щыІэ 15-б коммунальнэ фэтэр зэтетыр. А унэм щыпсэухэм папщІэ 2018 - 2019 гъэхэм фэтэри 122-рэ (ар метр зэбгрыуэнатІэу мини 5,5-м ноблагъэ) яухуэн уейщ. ЦІыхухэм Брамтэ, Хьэсэней, Белэ Речкэ жылагъуэхэм зэп лъапсэ щхьэхуэ щаухуэну щІы ират зэрыхъуари хэкІыпІэ хъарзынэщ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Къэлэмыкъуэ щІыналъэ

Европэм щыпсэу адыгэхэм нэхъ трагъащІэ

Европэм щыпсэу адыгэхэм я дунейпсо щэнхабзэ фестивалым хэту Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщіакіуэ гупым и зи чэзу зэІущІэр Дамм къалэм щекІуэкІащ. Абы кьрихьэлІащ Германие, Голландие, Тырку, Сирие, Иордание, Израиль къэралхэм, Адыгейм, КъБР-м, КъШР-м щыІэ хасэхэм я лІыкІуэхэр. Апхуэдэуи Европэм щыІэ къэрал зыбжанэм кьикІа хьэщІэхэр зэІущІэм къагъэблэгъащ.

ДАХ-м и исполкомым и зи чэзу зэхуэсыр кьызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхьуркъуэ Хьэутий. Европэм щыпсэу шэрджэсхэм я щэнхабзэ федерацэм и унафэщІ Дыщэкі Эртан нэхъ убгъуауэ тепсэлъыхьащ европей къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъгуэхэм нобэкІэ я Іуэху зыІутымрэ хамэ щІыналъэ лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэхэр щахъумэжьыфІыныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэмрэ.

ДАХ-м и Гъэзэщіакіуэ гупым хэтхэм Іуэхугъуэ зыбжанэ зэпкърахащ. Апхуэдэу Сириием щыпсэу ди кьуэшхэм нобэ яІэ щытыкІэм, зыуэ щыт хьыбарегъащІэ зэпыщІэныгъэм зегъэужьыным, Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 154-рэ зэрырикъум иращІэкІыну дауэдапщэхэм, хамэщ щыпсэу щІалэгъуалэр Урысейм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэгъэтІысхьэным, нэгъуэщІхэми я гугъу ящІащ.

ЗэІущІэр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и кьыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Налшык - Дюссельдорф - Налшык

ПщІэ зыхуэсщІ ди лэжьэгъухэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм и унафэщІхэм, сэ кьызбгъэдэкІыу фэри ветеранэхэми сынывохъуэхъу фи махуэ лъапІэмкІэ - Урысей МВД-м Следствэмкіэ и Іэнатіэхэр кьызэрызэрагъэпэщцрэ илъэс 55-рэ зэрырикъумкІэ!

Фи Іэщіагъэм фІыуэ зэрыхэфІыкІым, Іуэхум фызэрыхуэпэжым, цІыхугъэ зэрыфэхъпьм и фІыгъэщ кьыфпэщыт кьалэнхэр нэщІысауэ зэрырегъэзащІэр, къэралым хабзэр щыгъэбыдэным я шэсыпІэ фызыщІыр.

Сынывохъуэхъу узынщагъэ, насып, гъащІэ зэІуэпэщ фиІэну, Урысей къэралым и лъэщагъым папщІэ щІэпхъаджащІэхэм фапэщІэту евгъэкІуэкІ Іуэхум ехъулІэныгъэкІэ фыпэрытыну!

Ирехъу фи гъащІэр дахэ, фи унагъуэхэр хуабагъэрэ зэгурыІуэкІэ гъэнщІауэ щрырет!

КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министр, полицэм и генерал-лейтенант **РОМАШКИН Игорь.**

Илъэс 55-рэ ирокъу

Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэм Следствэмкіэ Іэнатіэхэр кьызэрыщызэрагъэпэщрэ илъэс 55-рэ ирикъущ мэлыжьыхьым и 6-м. Абы ирихьэлІэу КъБР-м щыІэ МВД-м щекІуэкІащ махуэшхуэ зэхьыхьэ.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министр полицэм и генерал-лейтенант **Ромашкин Игорь**. Зи махуэр зыгъэлъапІэ лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ республикэм хабзэр щыгъэбыдэным теухуауэ яхуэзэфІакІ зэращІэм папщІэ.

- Следствэмкіэ лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ. Следователыр и Іэщіагъэм зэрыхуэІэижьым елъытащ цІыхуэзм полицэм дзыхь кьызэрыхуащІыр. Фи лэжьакІэм елъытащ хабзэм тет цІыхуэзр щІэпхъаджащІэхэм щыхъума зэрыхъур,- кьыхигъэщащ Ромашкин Игорь.

Следствэмкіэ Іэнатіэхэм я тхыдэм, я лэжьыгъэм теухуауэ къэпсэльащ республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министрым и къудзэ - следственнэ управленэм и унафэщІ полицэм и полковник **Кудашкин Виктор**.

Урысей МВД-м хьыхьэ следствэмкІэ Іэнатіэхэр кьызэрызэрагъэпэщцэ илъэс 55-рэ зэрырикъум теухуауэ лэжьакІуэ нэхъыфІхэм щыхьыхь тхыльхэмрэ саугъэт лъапІэхэмрэ ираташ.

УАРДЭ Жансурэт.

ЛІэщІыгъуэ гъуэгуанэ

Гъатхэпэм и 28-м илъэси 100 ирикъуащ Урысей МВД-м и плъыр частхэр къызэрызэрагъэпэщэ, - къет ведомствэм и пресс-Іэхэущіапіэм.



УРЫСЕЙМ Совет властыр щыщагъэувам икІи милицэр къыщыхэрагъэпэщам плъыр частым и къалэнхэр ягъэзащІэрт уголовнэ къэлыхъэныгъэм и лэжьакІуэхэм, участковэ уполномоченнэхэмрэ милицэм и нэгъэущІ лэжьакІуэхэу зы чэзу гуэрым тету плъырыным пэрыувэхэм. 30 гъэхэращ плъыр къулыкъухэр щхьэхуэу щыІэ щыхьэщ.

2009 гъэм Урысей МВД-м зэхъуэкІыныгъэхэр щыщаублам плъыр частхэр полицэм и структурэм хыхьащ.

ІэнатІэм и къалэн нэхъыщхьэхэр: жэщ-махуэ имыІэу щытыкІэр зыхуэдэм теухуа хъыбархэр зэхуэхьсыныр, абыхэм елэжьынуэм яІэрыгъэхьэныр; Урысей МВД-м и щІыналъэ ІэнатІэхэм щІэпхъаджагъэхэм, административэ хабзэр кІыхьэрызэпаудам, къэхъукъащІэхэм теухуа хъыбархэр (лъэІуэр) кІыІахьыныр, ятхыныр; ОВД-м и къарумрэ Іэмалхэмрэ къэхъуар кІэщІу зэхэгъэкІыным хуэунэтІыныр; ОВД-м кърашэлІа щІыхуэхэм я Іуэхур зэхэгъэкІыным; ОВД-м и пэшхэмрэ унэмрэ, абы къеГъэщІыпІа щІыпІэр я нэІэм щІэтыныр, ар мафІэсым щІыхьымэныр, къулыкъу дэфтэрэхр, Іэщщмрэ абы и Іэмэпсымэхэмрэ, дэныкъ кІыхуащІа мылъкур яхъумэныр, нэгъэущІэхэр.

Ведомствэм хуэфащэ увыпІэ щеубыд КъБР-м щыІэ МВД-м и плъыр частым. 2016 гъэ лъандэрэ абы и унафэщІщ полицэм и полковник Хъымбэзэр Роман Вячеслав и къуэр. Республикэм къарал кІуэцІ Іуэхуэхэм кІэ и ІэнатІэхэм я плъыр частхэм я лэжьакІуэ 200-м я къалэнхэр нэсу ягъэзащІэ. Хъымбэзэрым зэрыжиІамкІэ, 2018 гъэм и мазитІым нэхъыбэ хуащ щыналъэ ОВД-хэм я плъыр частхэм зыхуэзыгъэзахэм я бжыгъэр. Кьыхэдгъэщынщи, щІэпхъаджагъэхэм теухуа хъыбархэм къадэкІуэу, щыІэкІэ-псэукІэ Іуэхуэхэм теухуа тхъэусыхафэхэри къаІэрохьэ. Полицей плъырым лъэІу псори къыІэх, ахэр зэхъэлІам емыльытагъэ.

- Дэ ди къалэнщ къыгІэрыхьа хъыбархэр ягъэува пщалъэм тету ттхыну икІи ар зи пщэрыльхэм яІэрыдгъэхьэну. Псалъэм и хьэтыркІэ, зыкъытхуэзыгъэзар мэтхъэусыхэ бжьамийр кьыззэрыпхуидамкІэ, дэ зыпыдощІэ зыхуэІ ІэнатІэхэм икІи абы и хэщІапІэм Іэщ Іагъэлъ кІуэныр къызыдогъэпэщ,- жеІэ Хъымбэзэр Роман.

«Полицэм и плъыр частыр къыводаІуэ» - мы псалъэхэр плъыр Іэнатім пэрыт полицейм зы жэщ-махуэм къриубыдэу пщІы бжыгъэрэ жиІэн хуей мэхъу. Дадэлэпыкъуну къэлъэІуахэри, уеблэмэ гужьеипахэри яхэтщ абыхэм икІи дэтхэнэми жиІэм гупсэхуу уедаІуэу псынщІэу унафэ пщІын хуейщ,- жеІэ Хъымбэзэрым.

Абы къыхигъэщащ щІыхуэхэр хабзэхъумэ Іэнатім хэщ Іаззыдлажьэр сэбэпышхуэ зэрыхъур. Мыхьэнэшхуэ иІэщ «Гражданин-полиция» зэпыщІэныгъэ псынщІэ «Къалэ щынагъэнэщ» Іэмалым хьихьэм. Абы щІыхуэхэм Іэмал ярет пІащІэгъуэкІэ Іуэхуэхэр зэрыщІэгъэкІ Іэнатім хэмтІ. Іэщ Іагъэ абы и Іэмэпсымэхэмрэ, дэныкъ кІыхуащІа мылъкур яхъумэныр, нэгъэущІэхэр.

Ведомствэм хуэфащэ увыпІэ щеубыд КъБР-м щыІэ МВД-м и плъыр частым. 2016 гъэ лъандэрэ абы и унафэщІщ полицэм и полковник Хъымбэзэр Роман Вячеслав и къуэр. Республикэм къарал кІуэцІ Іуэхуэхэм кІэ и ІэнатІэхэм я плъыр частхэм я лэжьакІуэ 200-м я къалэнхэр нэсу ягъэзащІэ. Хъымбэзэрым зэрыжиІамкІэ, 2018 гъэм и мазитІым нэхъыбэ хуащ щыналъэ ОВД-хэм я плъыр частхэм зыхуэзыгъэзахэм я бжыгъэр. Кьыхэдгъэщынщи, щІэпхъаджагъэхэм теухуа хъыбархэм къадэкІуэу, щыІэкІэ-псэукІэ Іуэхуэхэм теухуа тхъэусыхафэхэри къаІэрохьэ. Полицей плъырым лъэІу псори къыІэх, ахэр зэхъэлІам емыльытагъэ.

- Дэ ди къалэнщ къыгІэрыхьа хъыбархэр ягъэува пщалъэм тету ттхыну икІи ар зи пщэрыльхэм яІэрыдгъэхьэну. Псалъэм и хьэтыркІэ, зыкъытхуэзыгъэзар мэтхъэусыхэ бжьамийр кьыззэрыпхуидамкІэ, дэ зыпыдощІэ зыхуэІ Іэнатім хэмтІ. Іэщ Іагъэлъ кІуэныр къызыдогъэпэщ,- жеІэ Хъымбэзэр Роман.

«Полицэм и плъыр частыр къыводаІуэ» - мы псалъэхэр плъыр Іэнатім пэрыт полицейм зы жэщ-махуэм ней псом щІэрыІуэ щыхъуащ.

Аруан районым и щыпІэ бюджетым хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІу илъэс кІэдкІэ заводыр къэгъуэгурыкІуащ. Щыпсэжьащ абы пщІэрэ щІыхьрэ зиІэ щІыху минхэр.

Мэлыжьыхьым и 9-м зи юбилейр зыгъэлъапІэ заводышхуэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, пІалъэкІэ къаІэуфыщ ныбжьэ щытщ. Абы и щІэр зыбжанэрэ ихьуэжри иджыпсту «Стандарт Спирт» ООО-м хуэкІуащ. Ди фІэщ мэхъу лъэбыдэкІэ зэгуэр ар утыку кьыззэрихьэжынур икІи кьыщІигъэкІ продукцэхэм я фІыгъэкІэ Къабардей-Балъкъэрым и щІыхьыр адэкІи лъагэу зэриІэтынур.

НЭЗЭР Хьэчим,
лэжьыгъэм и ветеран.

● Къаугъэ

Натхъуэ Бибрэс Израилым и гимныр жиІэн идэркъым

Адыгэхэм ящыщу иджыпсту топджэгу нэхъ щІэрыІуэ дыдэ Натхъуэ Бибрэс зэи къамыхъуауэ Израилым и командэ къыхэхам и пашэу утыку къихьащ. Гъатхэпэм и кІэухым Тель-Авив къыщІагъэблагъэ Румыниием и футболистхэм щалІыщІэнум ипэ кьихуэу, лъэныкъуэхэм я къэрал гимнхэр щагъэзащІэм, ди лъэпкъэгъум и жьэр зэщІихакъым икІи эфир занщІэу телевизоркІэ е интернеткІэ абы гу лъызыта куэдым псалъэмакъ къратащ.

Натхъуэ Бибрэс

«ХА-ТИКВЭ»-р (аращ журтхэм я гимным зэреджэр - Ж.З.) зымыгъэзащІэ шэрджэсым хуэфащэкъым Израилым и командэ къыхэхам и капитану щытыну». Арат нэхъыбэм я гупсысэр зыкъэкІуэжыр.

Псалъэмакъыр куу щыхъум, Натхъуэ Бибрэс къэралпсо радиом ирагъэблагъащ икІи «Израиль спорт» нэтыным хагъэтащ ныкъуэкъуэгу къыхуэхъуауэм ящыщ зы, къэралым и щыхьыр топ джэгунымкІэ хуэдэ зыхъумэ Беркович дэщІыгъуу. Дэтхэнэми и Іуэху епІыкІэр утыку кьурихьэну Іэмал иГуэтащ.

Натхъуэм зыкъыхуигъаззэри, Беркович къыхигъащ игъащІэм къэмыхъуауэ, журт лъэпкъым щымыщу, ар Израилым футболымкІэ и командэ къыхэхам и капитану щытыну дзыхь къызэрыхуащІар, абы щыгъэмиз къэралым и гимным зэрыдемыжьууамкІэ ехъурджуауэ. «Сэ уэ пщІэшхуэ пхузощІ Израилым и щыхьыр дунейпсо утыкум льагэу зэрыщІэтым, Іэзагъ ин зэрыпхэлъым, псэемыблэжу уи хэрхъуэрэгъуэхэм уаззрыпэщІэтым къыхэкІыу. Сэ ешьм зэІущІэ 78-рэ Израиилым и гуп къыхэхам сыхэту егъэзкІуэкІащ, ауэ, сыщІэхъуэпса пэтми, капитаныгъэр зэи къыщІагъэсакъым. Ар хуабжьу щІыхьышхуэщ икІи уэ ди лъэпкъым и командэм и пашэу ущыт хъунукъым, «Ха-Тиквэ»-р жумыІуэ».

«Уэ апхуэдэу уегупсысыну ухуитщ, - жэуап иритащ абы Натхъуэм. - Ауэ сэ сыжуртткъым икІи «журтым и псэм макъамэ къреш» (Израилым и гимным щыщ сатырщ - Ж.З.) псалъэхэр жысІэнукъым. Хьэмэрэ Израилым щыпсэу лъэпкъ цІыкІуэхэм къэралым нэхъ мащІэ хуащІэу къыпщыхъуу ара? Къапщтэмэ, ЦАХАЛ-м хэту си адэм илъэс 30-кІэ къэрал гъунапкъэхэр ихъумащ икІи языныкъуэ журтхэм нэхърэ кудкІэ нэхъыбэ Израилым хуилэжьащ. Си адэ хуэушым ипхъу Натхъуэ Нили баскетболымкІэ къэралым и гуп къыхэхам и пашэу ехъулІэныгъэ кудэ къытхуихьащ».

А псалъэхэм иужькІэ, нэтыным езыгъэкІуэкІ Эсаег Офир къыхигъащащ Франджым и командэ къыхэхам и капитану дунейми Европэми я чемпион хъуэ, иджы Мадрид и «Реал»-м и тренер нэхъыщхьэ Зидан Зинетдин зыщащ къэралым и «Марсельэза» гимныр зи яхужиІэу зэрыщымытар икІи абы щхьэкІэ франджхьэм зэрамыгъэхъуэншар, и адэр Алжирым кьиІэпхъкІуэ зэрыщытар ящІэрти.

Беркович ар зэрыфІэхьэлэмэтыр жиІэри, пиупщащ.

Натхъуэ Бибрэс кІэух псалъэр кьыпльсащ икІи кьедаІуэхэм гу лъаригъэтащ, журтхэм кьищынэмыщащэ, Израилым лъэпкъ куэд зэрыщыпсэур икІи кьыхигъащащ абы ейм фІэкІа нэгъуэщІ къэрал гимн зэримыщІэр зы лъэпкъэр динрэ фІэкІа кьыщамылъытэу.

Шэч хэлъкъым, Бибрэс и Іуэху епІыкІэр пщІэ зыхуэщІыпхъащ. Къэралымрэ лъэпкъымрэ узэрыуэзэжьыр кьызэрагъэльагъуэр псалъэкІэкъым, атІэ Іуэхуэ Іащ. Абы и лъэныкъуэкІэ Натхъуэм хуэдэ иджыпсту гъуэтыгъуейщ.

ФУТБОЛЫМКІЭ Израиль къэралым курыт зэфІэкІ иІэу аращ. Абы и гуп къыхэхамрэ командэ щхьэхуэхэмрэ дунейпсо утыку итщ, ауэ ехьулІэныгъэ инхэр зэкІэ зыІэрагъэхьэфыркъым. Израилми, Европэми, нэгъуэщІ щІыпІэхэми иджыпсту нэхъ щыщІэрыІуэр абы хьихьэ Кфар-Камэ адыгэ къуаажэм къыщащхьэуа Натхъуэ Бибрэсщ икІи журт зэрыкІыгъуэм и щІыхьыр ихъумэу балигъ командэ кьыхэхам хэту зэІущІэ 50-м щІигу иригъэкІуэкІащ. Аращ гупым и капитану хуэфащэ дыдэу щІыхахари. Абы и пэкІэ Израилым и командэ къыхэхам и ныбжь псоми (илъэс 17-м, 18-м, 19-м, 21-м нэсхэм) ехьулІэныгъэкІэ зыкъыщигъэлъэгъуащ икІи щІалэгъуалэ гупым я пашэу зэгуэващ, нэхъыапэм журтхэм фІэкІа капитаныгъэр зыми ирамыту щытами).

ЩІалэ дыдэу Бибрэс Тель-Авив и «Хапоэль»-м джэгун щригъэжащ. ИужькІэ Къэзан и «Рубин»-м, Афинхэм я ПАОК (Алыдж) командэхэм ирагъэблагъащ. Ижь илъэсхэм Мэзкуу и ЦСКА-м и пашэхэм ящыщ зыщ. Абы кьихьащ Израилымрэ Урысей Федерацэмрэ я кубокхэр, Урысейм и суперкубокыр. Ар ди къэралым и чемпионщ, кьищынэмыщІауэ, дыжьын (тІэунейрэ), жэз медалхэр зыІэригъэхьащ, Алыджым жэзыр кьыщихьащ. Зы илъэси къанэркъым Натхъуэ Бибрэс Чемпионхэм я Лигэм е Европэм и Лигэм щымыдджэгуу икІи и ІэзагъымкІэ кьеплъхэр кьыдимыхьэхыу, дэрэжэгъуэ яримыту.

«Ўадыгэным къикІыр сыт? Ўадыгэну кьыпкъуэкІынырщ лІыгъэ!» Мы мазухэхэм кьызэралъхуэр илъэс блищ ирикъу Бемырзэ Мухьадин а и псалъэ Іущхэм я мыхьэнэр кІуэ пэтми нэхъкІуу зэрыхьум и щыхьэтщ футболист щІэныгъэ Натхъуэ Бибрэс Израилым и гимным дежьуэн зэримыдар. Дэнэ щІыпІэ кьыщыхутами, дэ тщыщ куэдми хуэдэу, ар хуэпэжщ кьызыхэкІа адыгэ лъэпкъымрэ и адэжьхэм игъащІэ лъандэрэ зэрахьэ муслымэн динымрэ.

«ЗИ ГУПКІЭ уисым и уэрэд жыІэ», - дегъэІуэщ псалъэжьым. Ар пэжщ, улъаІуэрэ абы уитІысхьамэ. ЗалымыгъэкІэ е уи фІэфІыныгъэм щІэмыупщІэу гупкІэм укъыщыхутамэ-щэ? Дэ фІы дыдэу дыщыгъуазэщ Урыс-Кавказ зауэм и ужькІэ ди лъэпкъым и натІэ хъуам. ИлъэсищэкІэ зэрыпхъуакІуэхэм ятпэщІэта ди адэжьхэм я щІэблэр дыхэгуэша хъущ динкІи, хабзэкІи, зэхэтыкІэкІи, уеблэмэ теплъэкІи зэмыщыхьэр щыпсэу къэралыгъуэ куэдым икІи дэтхэнэми и уэрэд жьтІэу щІэддзэмэ, ди лъэпкъэр адрейхэм дахэшыпсыхьыжьыпэну аращ.

ЖЬІЛАСЭ Заурбэч.

● Гу зылъытапхъэ

Жэуапрэ чэнджэщрэ щагъуэт

Гарнизоным и 316-нэ дзэ прокуратурэм кьыщыззрагъэпэщащ цІыхухэм хабзэм теухуауэ щадэІэпыкъу, дзэм ираджэным пыщІа ІуэхуэхмкІэ упщІэ зиІэхэм жэуапрэ чэнджэщрэ щагъуэт Іуэхущапіэ.

Ди хэщІапІэр: КъБР, Налшык къалэ, Пятигорскэ уэрам, 11.

Дзэ прокуратурэм и офицерхэр графикым тету махуэ къэс, зыгъэпсэхуГуэхэри махуэшхуэхэри хиубыдэу, цІыхухэм яхуозэ сыхьэти 9-м щыщІэдзауэ сыхьэтІ 18 хьэхуу.

Іуэхущапіэм и лэжьыгъэм нэхъ пыухыкІауэ зыщыщІэгъуэзэнымэ, фыпсалъэ **77-05-73** телефонымкІэ.

ЩІалэ 30-м дзэм кІуэну загъэхьэзыр

Гъатхэ лъхъэхэм зи ныбжьыр ирикъуа щІалэхэр дзэм къулыкъу щащІэн папщІэ республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа унафэр ягъэзащІэу щІадзащ. А Іуэхугъуэм теухуауэ нобэ ялэ зэІущІэр ирегъэкІуэкІ Іуащхьэмахуэ районым и комиссэм. Абы и унафэщІ Отаров Исмаил къызэрыджІамкІэ, щІыпІэм щыпсэу щІалэхэм ящыщу 30-м гъатхэм дзэм кІуэнущи, абыхэм ящыщу 20-м къулыкъу щащІэкІэ къахуэсэбэпын Іэщ Іагъэхэр ДОСААФ-м и еджапІэхэм щызрагъэгъуэтащ.

ІУАЩХЬЭМАХУЭ районым дзэм къулыкъу щащІэн папщІэ зи ныбжьыр нэсауэ исхэр 1650-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщу цІыху 800-м щІигъуи я узыншагъэр кьапщытэнущ. Дзэм щагъакІуэкІэ нэхъыфІу кьыхахьынур щІэныгъэ нэхъыщхьэ, курыт щІэныгъэ, спортымкІэ разрядхэр зиІэхэрщ, шофёр Іэщ Іагъэм хуеджакэрщ.

Къэгъэльэгъуапхъэщ мы лэжьыгъэр 2017 гъэм и бжьыхьэм районым зэщІэгъэуІуауэ зэрыщрагъэкІуэкІар. Абы щыгъуэ УФ-м Іэщ Іэкіэ Зэщ Іуэзэда и Къарухэм кьулыкъу щащІэну щІалэ 25-рэ ирагъэжьащ.

ТАРИМ Алисэ.

● Фи лъэІукІэ

Мэлыжьыхьым и нэмэз щІыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичынджыр	Ахъшэмыр	Жасыр
7, щэбэт	04.06	05.38	12.18	15.57	18.39	20.20
8, тхъэмахуэ	04.04	05.36	12.18	15.57	18.41	20.21
9, блыщхьэ	04.03	05.34	12.18	15.58	18.42	20.22
10, гъубж	04.01	05.33	12.17	15.58	18.43	20.23
11, бэрэжьей	03.59	05.31	12.17	15.59	18.44	20.25
12, махуэку	03.58	05.29	12.17	15.59	18.45	20.26
13, мэрем	03.56	05.28	12.17	16.00	18.46	20.27
14, щэбэт	03.54	05.26	12.16	16.00	18.48	20.28
15, тхъэмахуэ	03.53	05.24	12.16	16.00	18.49	20.29
16, блыщхьэ	03.51	05.23	12.16	16.01	18.50	20.30
17, гъубж	03.49	05.21	12.16	16.01	18.51	20.32
18, бэрэжьей	03.48	05.19	12.15	16.02	18.52	20.33
19, махуэку	03.46	05.18	12.15	16.02	18.54	20.34
20, мэрем	03.44	05.16	12.15	16.03	18.55	20.35
21, щэбэт	03.43	05.14	12.15	16.03	18.56	20.36
22, тхъэмахуэ	03.41	05.13	12.15	16.03	18.57	20.37
23, блыщхьэ	03.40	05.11	12.14	16.04	18.58	20.39
24, гъубж	03.38	05.10	12.14	16.04	19.00	20.40
25, бэрэжьей	03.37	05.08	12.14	16.05	19.01	20.41
26, махуэку	03.35	05.07	12.14	16.05	19.02	20.42
27, мэрем	03.34	05.05	12.14	16.05	19.03	20.43
28, щэбэт	03.32	05.04	12.14	16.06	19.04	20.44
29, тхъэмахуэ	03.30	05.02	12.13	16.06	19.06	20.46
30, блыщхьэ	03.29	05.01	12.13	16.07	19.07	20.47

Къэзэрдей-Балъкъэрым и Муслымэнхэм я Іуэхущапіэм къыдитащ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 7, *щэбэт*

♦Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ. Узыншагъэр хъумэныкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэр кьыщыззрагъэпэща махуэм (1948 гъэм) хуэзэу яГэлъапІэ.

♦Рунетыр - урысыбзэкІэ лажьэ интернетыр (ги дамыгъэр зиІэр) - кьыщыззрагъэпэща махуэщ. 1994 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м лажьэр щІидзащ абы икІи дунейпсо «хъым» хэтыну хуитныгъэ зиІэхэм хагъэхьащ.

♦Анагъэм, лъагъуныгъэмрэ дахагъэмрэ я махуэр щагъэлъапІэ Армением

♦Руандэм щыщ тутси лъэпкъым кІэлъызэрахьа геноцидым хэкІуэдахэр яГу кьыщагъэкІыж дунейпсо махуэщ. ЛъэпкъгъэкІуэд политикэм и бийуэ ООН-м 2003 гъэм кьыщта унафэм ипкъ иткІэ яГъуаващ ар. КъуэкІыпІэ Африкэм щыІэ а къэралым и унафэщІхэр 1994 гъэм дзэм тридзри, пІалъэкІэ лажьэну правительствэ кьызэрагъэпэщауэ щытащ. Ямылажьа щІэпхъаджагъэхэмкІэ яГэкъэуанэуэрэ, цІыху мин щитхум кьыщыщІэдзауэ зы мелуаным нэс яГэкІуэдауэ кьалъытэ абы щыГуэ.

♦1795 гъэм Франджым кьыщащтащ Пщалъэхэм я мардэм теуха хабзэр.

♦1934 гъэм Урысейм кьыщызэрагъэпэщащ бдзэжьейхэр хъумэным зи лажьыгъэр хуэГъэпсэ Іуэхущапіэхэр.

♦Америкэм и Штат Зэгуэтэм щыщ къэрал къулыкъущІэ, ЦРУ-м и япэ унафэщІу щыта **Даллес Аллен** къызэралъхуэр илъэси 125-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, журналист, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхъэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, АР-ми КъШР-ми щІыхь зиІэ я журналист **Мэзыхьэ Борис** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Урысей продюсер, кинокритик, «Кинотавр» фестивальм и къызГъэпэщакІуэ **Рудинштейн Марк** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, политик, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым и УнафэщІ, «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и нагьыщэ псори зрата **Матвиенкэ Валентинэ** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къуэжьокъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэрэ ехьэфу щыщІэдзауэ Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 7 - 8 щыхьэнущ.

Мэлыжьыхьым и 8, *тхъэмахуэ*

♦Цыджанхэм я дунейпсо махуэщ. Цыджанхэм я дунейпсо Конгрессу 1971 гъэм Лондон щызэхэтам кьыщащтащ абы теухуа унафэмрэ а лъэпкъым и гимнымрэ и ныпымрэ.

♦УФ-мрэ Белоруссиемрэ я Дзэ комиссариатхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1766 гъэм мафІэсыр щагъэункІыфІкІэ кьагъэсэбэп пкІэльэй зэрыгъэжьар кьызэрагупсысам патент дунейм щыяпэу США-м щатащ.

♦1918 гъэм плъыфищу зэгуэлъ Урысей бэракьэр зэрахьэжьащ щэкІ плъыжь зэфІэзэщым кьыхэщІыкІа, зи кьуапэм гъубжэ, уадэ, вагъуэ хэщІыхьа ныпкІэ.

♦1918 гъэм Сихьу Сэфарбий и усэхэр зэрыт тхьапІэ кьыдэкІащ.

♦1966 гъэм КПСС-м и ЦК-м и Секретарь Нэхъыщхьэу **Брежнев Леонид** хахащ.

♦Азие Курытым щыщ къэрал къулыкъущІэ, дзэзешэ тепльэджэ, Кавказым и тхьідэми лъэужьыщхъэ къыхэзына **Тамерлан** кьызэралъхуэр илъэс 682-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм щыщ парт, совет лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхьужь **Чэмокъуэ Аслъэндджэрий** къызэралъхуэр илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Дипломат, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа **Аннан Кофи** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Композитор, УФ-м гъазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тыкъуэ Къапльэн** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Адыгейрэмэ УФ-мрэ я цІыхубз суэртыщІ, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къат Теучэж** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Футболист цІэрыІуэ, тренер Іэзэ, СССР-м и спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, къэралым и чемпион, Совет Союзым и мызакъуэу, дунейм и щІыпІэ куэдми зи цІэр щыІуа **Чивадзе Александр** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан, жылагъуэ Іуэхущапіэхэм зегъэужьынымрэ цІыхубз хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Пащты Борис** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Урысей футболист цІэрыІуэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, ди къэралми дуней псоми я ГуащІэхэтет нэхъыфІхэм хабжэ **Акинфеев Игорь** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІыу щыщІэтщ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градуси 9 - 10 щыхьэнущ.

Мэлыжьыхьым и 9, *блыщхьэ*

♦Куржым и лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ. 1991 гъэм Куржым и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьыщтащ я къэралыгъуэр зэфІэгъэувэжьым теухуауэ.

♦1667 гъэм дунейм щыяпэу ГуаздджэМ и произведеніэхэм я дунейпсо выставкэ Париж кьыщызэІуахащ.

♦1699 гъэм Пётр Езанэм зэчэ ищІащ «Москва и уэрамхэр къабзэу щытыным кІэлъыплъынымрэ ахэр къззыуІэпІхэм тезыр ятельхъэным-рэ теухуауэ».

♦Совет актёр, РСФСР-м и цІыхубз артист **Сафонов Всеволод** къызэралъхуэр илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Франджы актёр цІэрыІуэ **Бельмондо Жан-Поль** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іу щыта **Черномырдин Виктор** къызэралъхуэр илъэс 80 ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Аэзмэт Лалушэ** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Литературовед, критик, къэрал лэжьакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Тхьэгъэзит Юрий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Тыркум хьихьэ Кьайсэр вилайетым и губернатору щыта **Джамбулэт (Яхэгуауэ) Нихьэт** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІыу щыщІытщ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 6 - 7 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Адэр шхэкІэ къуэм зигъэнщІыркъым.

Нарткъалэ и химкомбинатым и юбилей

1938 ГЪЭМ мэлыжьыхьым и 9-м Ерыскъы промышленностымкІэ СССР-м и ЦІыхубэ Комиссариатым къыдигъэкІа унафэ №408-м ипкъ иткІэ Дохъушыкъуей спирт заводым лэжьэн щІидзащ.

АЗЭМАНЫМ Дохъушыкъуей станцым къыщызэрагъэпэща заводым псынщІэ дыдэу зиубгъуащ. Абы зыкъомкІэ и фІыгъэщ ятпэщІыкІэ посёлкэ цІыкІу, иужькІэ Нарткъалэ къызэрыкІуэкІар. Зи цІэр мызэ-мытІэу зыхъуэжа Іуэхущапіэм (адэкІэ ар Ацетонобутиловый завод, Химкомбинат хъуащ) и продукцэхэм щІэупІэшхуэ щалар Совет Союзым и щІыпІэ зэмылІэужьыгуэхэм я закъуэкъым. НэгъуэщІ къэрал 17-м ахэр ирагъашэу щытащ икІи дуней псом щІэрыІуэ щыхъуащ.

Аруан районым и щыпІэ бюджетым хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІу илъэс куэдкІэ заводыр къэгъуэгурыкІуащ. Щыпсэжьащ абы пщІэрэ щІыхьрэ зиІэ цІыху минхэр.

Мэлыжьыхьым и 9-м зи юбилейр зыгъэлъапІэ заводышхуэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, пІалъэкІэ къаІэуфыщ ныбжьэ щытщ. Абы и щІэр зыбжанэрэ ихьуэжри иджыпсту «Стандарт Спирт» ООО-м хуэкІуащ. Ди фІэщ мэхъу лъэбыдэкІэ зэгуэр ар утыку къызэрихьэжынур икІи къыщІигъэкІ продукцэхэм я фІыгъэкІэ Къэбардей-Балъкъэрым и щІыхьыр адэкІи лъагэу зэриІэтынур.

НЭЗЭР Хьэчим,
лэжьыгъэм и ветеран.

● Бахъсэн щІыналъэ

УсакІуэ мылІэжьыпсэ

Бахъсэн щІыналъэм и тхьідэ-лъахэхутэ музейм щекІуэкІащ адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщ, усакІуэ цІэрыІуэ ПащІэ Бэчмырзэ къызэралъхуэр илъэси 165-рэ зэрыкъуэм теухуа зэхъыхьэхэр.

ЗэІУЩІЭМ хьыхьу къызэІуахащ «Уахътышнэ полк» гъэлъэгъуэныгъэр. Абы утыку къыщрахьащ ПащІэ Бэчмырзэ и портретыр, илъэс зэмылІэужьыгъэхэм траха суэртхэр, абы зэхилъхьа адыгэ алыфбейр, къыщІэна хьэпшыпхэмрэ тхыльхэмрэ.

Зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм и къудамэу ПащІэ Бэчмырзэ и цІэр зезыхьэ унэ-музейм и унафэщІ **ПащІэ Ленэ**, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щомахуэ Хьэсэнбий**, районым и творческэ гупэр, егъэджэныгъэ Іуэхущапіэхэм я еджакІуэхэр.

Къуажэхэм кьикІа гупэр зэпеуащ адыгэ узэщІакІуэм и ГащІэмрэ гуащІэмрэ, и усэхэм ятеуухуащ яБгъэдалъ щІэныгъэмкІэ. Зэхьэзэхуэм кьурикІуахэр зэхалъхьэжа нэужь, наІуэ зэхъуэщ Къулъкъужьн Ипщэм и еджакІуэхэр пашэ зэрыхъуар. ЕтІуанэ увыпІэр лъагъэсащ Бахъсэнёнкэм и гупым. Ещанэ хъуащ Куба кьуажэм кьикІахэр.

БЖЬЫХЬЭЛІ Роза

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущапіэм, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка», «Голос Чегема», «Бахъсэн», «Баксанские вести», «Вести Прохладного», «Лесненская газета», «Майские новости», «Маяк 07», «Налшык», «Прохладненские известия», «Терек», «Черекские вести», «Эльбрусские новости» газетхэм, «Іуащхьмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «МингиТау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» эхьбарегъащІэ агентствэм я лэжьакІуэхэр «Зольские вести» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Бжьахуэ Ранетэ Башир и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Іэминат Машэ и пхъур** зэрылІам къыхэкІыу.

● Ерыскъы промышленность

Нарткъалэ и химкомбинатым и юбилей

**1938 ГЪЭМ мэлы

УЗЫНШАГЪЭ

Нобэ Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ

ГъащIэр зыхуэдэнур зэлъытыжар

Дэтхэнэ зы цIыхуми и гъащIэм щынэхьыщхьэр абы бгъэдэлъ кIуледягъэрхкым е жылагъуэм щIэ пщIэракъым, атIэ фIыгъуэ лъапIэу иIэ узыншагъэращ. Гъащ1эр зыхуэдэнур зэлъытыжар абы и щытыкIэрщ. Узыншагъэм гулъэтхуэуэ хуащIын зэрыхуейр цIыхухэм ягурыгъэIуэныр, ар егъэфIэкIуэныммкIэ зэфIэхыпхъэхэр убзыхуныр и щхьэусыгъуэу махуэ хэха ягъэуващ.

УЗЫНШАГЪЭМ и дунейпсо махуэр зэрагъэлапIэрэ илъэс 70 ирокъу. 1948 гъэм абы теухуа зэхьыхьэхэр ирагъэкIуэкIын щIадзащ, ауэ илъсыр1 дэкIа нэужьщ щхьэхуэу ягъэлъапIэн щыхуежьар. 1950 гъэм щегъэжьауэ мэлыжьыхьым и 7-р Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ.

Махуэшхуэм и тхьдэр кIыгуэхьпIэ имыIэу епхащ ООН-м кIудамэ щхьэхуэу кьыззригъэпэща Узыншагъэр хуэмэныммкIэ дунейпсо зэгухьныгъэм (ВОЗ) лэжьэн зэрыщIидзам. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр узыншагъэр хуэмэныммкIэ цIыхухэр зыIуэу гугъуехьхэр зэфIэхыныращ. Зэгухьэныгъэм хэтщ къэралы 194-рэ. ВОЗ-м и Iухэущ1апIэхэр къэралы 150-м щыIэщ, абыхэм яхэтщ Урысейри.

Узыншагъэр хуэмэныммкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ 1995 гъэм щегъэжьауэ а махуэр цIыхухэр зыгъэгумэщI Iухэугъуэшхуэхэм траухуэ икIи кьыхуеджэныгъэ щхьэхуэхэм щIэту йокIуэкI. Апхуэдэжщ, псалъэм папщIэ, «КъэкIуэнур убзыхун», «Гъуэгуэхм шынагъэншагъэр кьыщыззэпэщын», «Зы ани, зы сабии гулъытэншэу къэдгъэнэнкьым», «ЩIыуэпсым кьыщыхьу зэхъуэкIыныгъэхэм узыншагъэр щцыхуэмэн», «Лъы зытхэр сымаджэ куэдым ядоIэпыкъу», «Жьыджэрагъыр гъащIэ кIыхьым и лъабжьщ», «ЩIыуэпсым кьыщыхьу зэхъуэкIыныгъэ мыщхьэпхэм узыншагъэр щцыхьмэн», «Лъы дзуейм узэрыпэщIытIыныр», «Гъдэ-бадзэ лIэужьыгъуэхэм кьэрахьэкI узыфэ зэрыщIалэхэр», «Ерыскъыпхъэхэм я шынагъэншагъэр», «Фошыгъу узым дытекIуэнущI!», нэгъуэщIхэри.

Мы гъэм а махуэр ирагъэкIуэкI «Узыншагъэр хуэмэныммкIэ Iэнатlэм щцыхуащI Iэхуэхтьэбзэхэм цIыху псори кьыззощIегъубыдэн» кьыхуеджэныгъэм щIэту. Узыншагъэ быдзэр ар гъащIэ насыпыфIэм, зэIузэпщым и лъабжьщ. Абы и хуэмэныр цIыху къэс и кьалэн къудейуэ кьэнэжьыркъым, атIэ ар я пщэрылъщ жылагъуэ, къэралIуэхущIапIэхэми, узыншагъэр хуэмэныммкIэ Iэнатlэ псоми. Кьалэныщхуэ ягъэзащIэ а махуэм ирагъэкIуэкI Iэхуэгуэхэм: медицинэм и унэтIныныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм теухуа семинархэм, конференцхэм, егъэджэныгъэ Iэхуэщ1апIэхэм кьыщызэрагъэпэщ зэхьыхьэхэм, зэушагъэр хуэмэныммкIэ Iэнатlэм щыIэ гугъуехьхэр хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм кьыззрыщIэтым, спорт зэхьэзэхуэхэм, узыфэ зэхуэмыдэхэм теухуауэ сымаджэщхэм щрагъэкIуэкI «бжэ зэIухахэм», нэгъуэщIхэми.

Урысей Федерацэм Узыншагъэр хуэмэныммкIэ и министерствэм, Профилактикэ медицинэмкIэ лъэпкъ медицинэ кьэхутакIуэ центрым, «Волонтёры-медики» къэралпсо жылагъуэ зэщIэхъеныгъэм зэгъэсоу мы махуэхэм ирагъэкIуэкI «Узыншэу щыт!» урысейпсо зэхьыхьэр. Iэхуэм и кьалэн нэхъыщхьэр цIыхухэм я узыншагъэм гулъытэ хуегъэщIынырщ, гъащIэ узыншэ ехьэкIыным кьыхуеджэныращ, абы и хабзэхэм ткIийуэ зэрытетым хуэйр гурыгъэIуэныращ.

ЦIыхухэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ Iузхугъуэ щхьэхуэхэр щызэфIах ди республикэми. Узыншагъэр хуэмэныммкIэ Iэнатlэм иужьрей илъэсхэм зыужьыныгъэфIхэр щокIуэкI. Жьыджэру къагъэсэбэп медицинэм щIэуэ кьыкьыхэ Iэмалхэр, хуэунэгъэщIэхэр зэфIагъэувэ, сымаджэщхэр зыхуэй хуэзауэ зэрагъэпэщыж, кьудамэщIэхэр кьызэIуах. Кьапщтэмэ, республикэм и щIыналъэхэр ирикъуу кьыззэгъэпэщащ фельдшер-акушер пунктхэмкIэ, амбулаторэхэмкIэ, «ДэIэпыкьуэгъэ псынщIэ» Iэхуэщ1апIэм зыхуэныкьуэ медицинэ автотранспортхэр кьыIэрыхьащ, Лъынтхуэ узэрыфхэм еIэзэныкIэ, гъуэгу-транспорт кьэхъуькъащIэхэмкIэ федеральнэ программхэр ехьупIэныгъэ яIэу ягъэзэщIащ.

Iэнатlэр зыужьныгъэм и Гъуэгум зэрытетым и щыхьэтщ фIагъ лъагэ зиIэ технологиехэр къагъэсэбэпурэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iухэущ1апIплъэм зэрыщыхуащIэр. Апхуэдэхэщ Республикэ клиникэ сымаджэщыр, Кардиоцентрыр, Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №2-р, Нарткъалэ дэт унэтIныныгъэ зыбжанэ зиIэ районхэм зддай сымаджэщыр.

УнэтIныныгъэр зэрефIакIуэр зыдэлъагъупхъэр, шэч хэмылъу, Iэнатlэм пэрыт дохутырхэрщ. ЗэфIэкI лъагэ зиIэ Iэщ1агъэлIхэр ди мащIэкIым. КъБР-м Узыншагъэр хуэмэныммкIэ и министерствэм абыхэм я зэфIэкIым зегъэужьыным гулъытэ сытым дежи хуещI. Щ1эк-щ1эхьурэ кьызэрагъэпэщ кьалэшхуэхэм щыIэ клиникхэм, институтхэм я Iэщ1агъэлIхэр, щIэныгъэлIхэр зыхэт семинархэр, конференцхэр.

Медицинэ Iэхуэхтьэбзэ тэмэмыр цIыхуэхэм псоми зэхуэдэу ильэгъэIэсыныр, узыфэхэр кьэмыгъэхъуным хуэгъэза профилактикэ лэжьыгъэр нэсу кьыззэгъэпэщыныр псом нэхъыр нэхъыщхьэу зэрыщытыр кьагурыIуэу я Iэнатlэр ирахькI ди республикэм и дохутырхэм. Ауэ Iэхуэр кIуэта цыхьэнур езы цIыхухэрри я узыншагъэр хуэмэным жэуапIныныгъэ пылъу бгъэдихьэмэщ. Псалъэм папщIэ, зыгуэр къыдэзыуным демыжьэу, цIыхэщIэхьэурэ ди щытыкIэр кьедгъэпщытэмэ дызыIуэу куэдым пэIэщIэу дыпсэуфынут. Езы дохутырхэми зэрыжаIэщи, зи узыр хэтIэса сымаджэм уеIэзэн нэхъри ар цIыхум кьыумыгъэуалIэныр нэхъ тыншщ. Аращ УзыншагъэмкIэ дунейпсо зэгухьныгъэм а Iэхуэр Iэпэдэгъэлэл ямыщIу зыкIэлъыплъыжыну псори кьыщIыхуриджэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

БЫРХЬЭМ Анатолэ:

Дохутырым и псалъэхэм къаруушхуэ хэлъщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, категорие нэхъыщхьэ зиIэ Бырхьэм Анатолэ илъэс 50-м щIигъуауэ и Iэщ1агъэм хуэпэжу мэлажьэ. А зэманым къриубыдэу, щэч хэмылъу, ар цIыху куэдым сэбэп яхуэхъуащ, гукъыдэжрэ бзэрэжэгъуэрэ иIэу гъащIэм хигъэпIыжащ. Бырхьэмыр зыщIыхуэм зэрыжаIэмкIэ, къэхуакьым абы Iуэхукlэ бгъэдыхьа щигъэщIэхъуа: зэрыхуэзэфIэкIкIэ дэтхэнэми доIэпыкъу, нэхъыщхьэращи, дохутырым хэлъын хуейр хьэлыфI псори абы дыболъагъу.



- ХУЩ1ХЪУЭМ и мыхьэнэм нэхъри нэхъ мащIэкъым сымаджэм дежкIэ дохутырым и псалъэхэм я къарур, - жеIэ Бырхьэм Анатолэ. - Сымаджэм фIэщхьыныгъэ хэплъхьэфмэ, ар уи кьалэным щыщ Iыхьэшхуэ бгъэззэщIауэ ираш. Узым къигъэдэзыхэ цIыхур тэмакъкIэщI, гурыщхьэщI мэхъу, абы кьыхэкIыщ щабэу епсэлъэн, бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьыхуэгъуэтын хуейщ. Iэзэгъэным кьыдэкIуэу, дохутырым Iэмал имыIэу щыIэ хэплъапхъэщ.

Бырхьэмыр зэрысабийрэ щIэхъуэпсыртэ дохутыр Iэщ1агъэм икIи, и насып кърихьэкIри, и мурадыр зригъэхъулIащ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм щыщIэсам, лекцэхэм кьыщидзэм нэмыщIкIи, кьыхиха Iэщ1агъэм и щэхуэхэр зригъэщIэн мурадкIэ, тхьэмахуэ махуэхэм Республикэ клиникэ сымаджэщым щылажьэрт. ИужькIи а хьэлыфIыр Iэщ1ыбэ ищIакъым, сытым дежи и Iэщ1агъэм теухуауэ щIэ гуэркъэ кьызэрищIэным хуэпабгъэу апхуэдэщ.

- Дохутырым зэпсыр имыIэу и щIэныгъэм хигъэхъуэн хуейщ, - жеIэ Анатолэ. - Медицинэр и пIэ иткъым, абы псынщIэу зежъкъри, езым и Iэщ1агъэм епхауэ щIэуэ сыт дунейм кьыщыхъуми щыгъуэзэн хуейщ.

ЕджапIэ нэхъыщхьэр кьиуха нэужь, Бырхьэмым Налшык дэт медицинэ Iэхуэщ1апIэхэм ящыщ щым кьэнэну Iэмал иIащ, арщхьэкIэ Ислъэмей кьуажэм дэт сымаджэщыр кьыщыхуэгъэпсалъэгъуэм, абы дохутыр нэхъыщхьэу лэжьэн щыщIидзащ. Лэжьыгъэм пэрыувагъащIэми, гугъуехьым кьригъэжьугъэтакъым икIи и зэфIэкIыр абдежым кьыщыззэкъуихащ. ПIалъэ кIэщIым кьриубыдэу абы и щытхъыр жьыпсм щыIащ.

Илъэсрэ ныкъэкIэ Ислъэмей щылэжьауэ, Бырхьэм Анатолэ Бахьсэн район сымаджэщым и терапие къудамэм и унафэщIу агъэуващ. Лэжьыгъэр и чэзум нэгъэсауэ зэрызэфIихым псынщIэу гу лъатэри, сымаджэщым и щIыналъэм и къудзэ ящIащ. ИужькIэ дохутыр нэхъыщхьэм и кьалэнхэри пщэрылъ кьыщащIащ. ПщIэрэ щIыхьрэ иIэу а Iэнатlэ гугъум ар илъэс 15-кIэ пэрытащ.

Бырхьэмыр зыхэт гуным я дежкIэ сыткIи щапхэт: и лэжьыгъэ зехьэкIэкIи, и цIыхугъэкIи. Зи унафащI сымаджэщым и дэтхэнэ Iэнатlэми щекIуэкIыр ищIэрт, абы щылажьэ цIыхухэми я Iуэху зыIутым щыгъуэзэт. Дэтхэнэми Iуэхукlи чэнджэщкIи дэIэпыкъуэгъу яхуэхъурт. Дохутыр Iэщ1агъэр кьыхэзыха щIалэгъуалэ куэди гъэзгу захуэ тригъэуващ. ГукIи псэкIи зи Iэнатlэм пэрытыращ абы екъуIэныгъэ щызыIэнур. Апхуэдэщ Бырхьэмыр. Щхьэхи езэши ищIэркъым, и гуащIи и зэманы еблэжьыркъым, сымаджэм зыгуэркIэ сэбэп хуэхъун папщIэ.

- Гугъуехь псори сщегъэгъупщэж сымаджэр и лъэ теубэжауэ, гукъыдэж иIэу щыслъагъукIэ, - жеIэ Анатолэ. - Аращ си дежкIэ си гъэжьыгъэм щызыIэнур. Апхуэдэщ Бырхьэмыр. Щхьэхи езэши ищIэркъым, и гуащIи и зэманы еблэжьыркъым, сымаджэм зыгуэркIэ сэбэп хуэхъун папщIэ.

- Гугъуехь псори сщегъэгъупщэж сымаджэр и лъэ теубэжауэ, гукъыдэж иIэу щыслъагъукIэ, - жеIэ Анатолэ. - Аращ си дежкIэ си гъэжьыгъэм щызыIэнур. Апхуэдэщ щыIэныгъэ щIэныгъэ зэрыщIидзам. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр узыншагъэр щцыхуэмэн. ЩIыуэпсым кьыщыхьу зэхъуэкIыныгъэ мыщхьэпхэм узыншагъэр щцыхьмэн, «Лъы зытхэр сымаджэ куэдым ядоIэпыкъу», «Жьыджэрагъыр гъащIэ кIыхьым и лъабжьщ», «ЩIыуэпсым кьыщыхьу зэхъуэкIыныгъэ мыщхьэпхэм узыншагъэр щцыхуэмэн», «Лъы дзуейм узэрыпэщIытIыныр», «Гъдэ-бадзэ лIэужьыгъуэхэм кьэрахьэкI узыфэ зэрыщIалэхэр», «Ерыскъыпхъэхэм я шынагъэншагъэр», «Фошыгъу узым дытекIуэнущI!», нэгъуэщIхэри.

Мы гъэм а махуэр ирагъэкIуэкI «Узыншагъэр хуэмэныммкIэ Iэнатlэм щцыхуащI Iэхуэхтьэбзэхэм цIыху псори кьыззощIегъубыдэн» кьыхуеджэныгъэм щIэту. Узыншагъэ быдзэр ар гъащIэ насыпыфIэм, зэIузэпщым и лъабжьщ. Абы и хуэмэныр цIыху къэс и кьалэн къудейуэ кьэнэжьыркъым, атIэ ар я пщэрылъщ жылагъуэ, къэралIуэхущIапIэхэми, узыншагъэр хуэмэныммкIэ Iэнатlэ псоми. Кьалэныщхуэ ягъэзащIэ а махуэм ирагъэкIуэкI Iэхуэгуэхэм: медицинэм и унэтIныныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм теухуа семинархэм, конференцхэм, егъэджэныгъэ Iэхуэщ1апIэхэм кьыщызэрагъэпэщ зэхьыхьэхэм, зэушагъэр хуэмэныммкIэ Iэнатlэм щыIэ гугъуехьхэр хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм кьыззрыщIэтым, спорт зэхьэзэхуэхэм, узыфэ зэхуэмыдэхэм теухуауэ сымаджэщхэм щрагъэкIуэкI «бжэ зэIухахэм», нэгъуэщIхэми.

Урысей Федерацэм Узыншагъэр хуэмэныммкIэ и министерствэм, Профилактикэ медицинэмкIэ лъэпкъ медицинэ кьэхутакIуэ центрым, «Волонтёры-медики» къэралпсо жылагъуэ зэщIэхъеныгъэм зэгъэсоу мы махуэхэм ирагъэкIуэкI «Узыншэу щыт!» урысейпсо зэхьыхьэр. Iэхуэм и кьалэн нэхъыщхьэр цIыхухэм я узыншагъэм гулъытэ хуегъэщIынырщ, гъащIэ узыншэ ехьэкIыным кьыхуеджэныращ, абы и хабзэхэм ткIийуэ зэрытетым хуэйр гурыгъэIуэныращ.

ЦIыхухэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ Iузхугъуэ щхьэхуэхэр щызэфIах ди республикэми. Узыншагъэр хуэмэныммкIэ Iэнатlэм иужьрей илъэсхэм зыужьыныгъэфIхэр щокIуэкI. Жьыджэру къагъэсэбэп медицинэм щIэуэ кьыкьыхэ Iэмалхэр, хуэунэгъэщIэхэр кьызэIуах. Кьапщтэмэ, республикэм и щIыналъэхэр ирикъуу кьыззэгъэпэщащ фельдшер-акушер пунктхэмкIэ, амбулаторэхэмкIэ, «ДэIэпыкьуэгъэ псынщIэ» Iэхуэщ1апIэм зыхуэныкьуэ медицинэ автотранспортхэр кьыIэрыхьащ, Лъынтхуэ узэрыфхэм еIэзэныкIэ, гъуэгу-транспорт кьэхъуькъащIэхэмкIэ федеральнэ программхэр ехьупIэныгъэ яIэу ягъэзэщIащ.

Iэнатlэр зыужьныгъэм и Гъуэгум зэрытетым и щыхьэтщ фIагъ лъагэ зиIэ технологиехэр къагъэсэбэпурэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iухэущ1апIплъэм зэрыщыхуащIэр. Апхуэдэхэщ Республикэ клиникэ сымаджэщыр, Кардиоцентрыр, Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №2-р, Нарткъалэ дэт унэтIныныгъэ зыбжанэ зиIэ районхэм зддай сымаджэщыр.

УнэтIныныгъэр зэрефIакIуэр зыдэлъагъупхъэр, шэч хэмылъу, Iэнатlэм пэрыт дохутырхэрщ. ЗэфIэкI лъагэ зиIэ Iэщ1агъэлIхэр ди мащIэкIым. КъБР-м Узыншагъэр хуэмэныммкIэ и министерствэм абыхэм я зэфIэкIым зегъэужьыным гулъытэ сытым дежи хуещI. Щ1эк-щ1эхьурэ кьызэрагъэпэщ кьалэшхуэхэм щыIэ клиникхэм, институтхэм я Iэщ1агъэлIхэр, щIэныгъэлIхэр зыхэт семинархэр, конференцхэр.

Медицинэ Iэхуэхтьэбзэ тэмэмыр цIыхуэхэм псоми зэхуэдэу ильэгъэIэсыныр, узыфэхэр кьэмыгъэхъуным хуэгъэза профилактикэ лэжьыгъэр нэсу кьыззэгъэпэщыныр псом нэхъыр нэхъыщхьэу зэрыщытыр кьагурыIуэу я Iэнатlэр ирахькI ди республикэм и дохутырхэм. Ауэ Iэхуэр кIуэта цыхьэнур езы цIыхухэри я узыншагъэр хуэмэным жэуапIныныгъэ пылъу бгъэдихьэмэщ. Псалъэм папщIэ, зыгуэр къыдэзыуным демыжьэу, цIыхэщIэхьэурэ ди щытыкIэр кьедгъэпщытэмэ дызыIуэу куэдым пэIэщIэу дыпсэуфынут. Езы дохутырхэми зэрыжаIэщи, зи узыр хэтIэса сымаджэм уеIэзэн нэхъри ар цIыхум кьыумыгъэуалIэныр нэхъ тыншщ. Аращ УзыншагъэмкIэ дунейпсо зэгухьныгъэм а Iэхуэр Iэпэдэгъэлэл ямыщIу зыкIэлъыплъыжыну псори кьыщIыхуриджэр.

ЩХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Налшык щызэхуос

Налшык дэт къалэ клиникэ сымаджэщ №2-м иджыблагъэ щекIуэкIащ «Университетская клиника» медицинэ щIэныгъэ-практикэ конференц. Ар кьызэрагъэпэщащ КъБР-м Узыншагъэр хуэмэныммкIэ и министерствэм, Бедокимовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт медико-стоматологие къэрал университетым, а еджапIэм и Клиникэ медицинэ центрым.

КОНФЕРЕНЦЫМ хэтащ УФ-м Узыншагъэр хуэмэныммкIэ и министерствэм и нейрохирург нэхъыщхьэ, РАН-м и академик, Клиникэ медицинэ центрым и унафэщI, профессор Крылов Владимир, Москва кьалэм Узыншагъэр хуэмэныммкIэ и департаментым и нейрохирург нэхъыщхьэ, Склифосовскэм и цIэр зезыхьэ «Дэ1эпыкъуэгъу псынщIэмкIэ» щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым нейрохирургиемкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэ нэхъыжь Гринь Андрей, Евдокимовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт медико-стоматологие къэрал университетым и Клиникэ медицинэ центрым и кафедрэхэм, кьудамэхэм я унафэщIхэр.

Лъэбакъуэ мини 10

Мэлыжьыхьым и 7-м, Узыншагъэм и дунейпсо махуэм, Налшык щекIуэкIынущ «Узыншагъэм ухуэзышэ лъэбакъуэ мини 10» Iуэхугъуэр. Ар хуэгъэзащ цIыхуэхэр я щытыкIэм кIэлъыплъыжным гулъытэ хуегъэщIыным.

ЗЭХЬIХЬЭМ хэтынухэр ХьэтIохъущ1окъуэм и жыг хадэм и дыхьэпIэ нэхъыщхьэм щызэхуэсынущ, Курзалым нэс лъэсу кIуэнурэ къагъэззжьынущ. А гъэугъаназм лъэбакъуэ мини 10 дэлъщ.

Узыншагъэр хуэмэныммкIэ дунейпсо зэгухьныгъэм кьыззригъэлъагъуэмкIэ, махуэм кьриубыдэу лъэбакъуэ мини 5 нэхърэ нэхъ мащIэ зыч цIыхум гум, лъынтхуэм епха уэзыфэхэр иIэнкIэ шынагъуэ нэхъыбэ щыIэщ. Лъэбакъуэ 7500 - 9999-рэ хъу гъуэгуанэр махуэм зэпызычхэм я Iэпкълъэпкъ псори хъарзынэу зэщIэжьы кьалъытэ. Ауэ узыншагъэр хуэмэныммкIэ Iэмал нэхъыфIу икIи нэхъ тыншу яжьыр лъэбакъуэ мини 10, абы нэхърэ нэхъыбэ махуэм кьриубыдэу пкIунырщ.

Зэхьыхьэм республикэм и спортсмен цIэрыIуэхэр кьрихьэлIэнущ, апхуэдэу абдежым щыIэну ягъэIэпхъуэ диагностикэ комплексымкIэ цIыхухэм я узыншагъэр кьапщытэфынущ. ЗэIущIэм и кIэухым абы хэтахэр ягъэпэжнущ.

Iуэху щхьэпэр зэгъэсу кьыззрагъэпэщ «Лига здоровья нации» РОО-м, КъБР-м Узыншагъэр хуэмэныммкIэ, СпортымкIэ, Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэхэм, Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм, Налшык къалэ администрацэм, КъБКъУ-м и медицинэ факультетым.

Зэхьыхьэм хэтыну хуей псори ирагъэблагъэ. ЦIыхухэр ХьэтIохъущ1окъуэм и жыг хадэм и дыхьэпIэ нэхъыщхьэм деж сыхьэт 11-м щызэхуэсынущ.

ДОЛ Iэминэ.

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Я щытыкIэр къапщытэ

Бакулевым и цIэр зезыхьэ Гу-лъынтхуэ хирургиемкIэ щIэныгъэ центрым и Iэщ1агъэлIхэм КъБР-м Узыншагъэр хуэмэныммкIэ и министерствэм ирагъIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ республикэм и цIыхухэм я узыншагъэр кьыщапщытащ Кардиологие центрым и деж.

ДОХУТЫРХЭР еплъащ цIыху 280-м. Абыхэм ящыщу 135-м Бакулевым и цIэр зезыхьэ Гу-лъынтхуэ хирургиемкIэ щIэныгъэ центрым кIуэн хуейуэ хуагъэлъэгъуащ.

КъБР-м узыншагъэр хуэмэныммкIэ и министр Хьубий Марат яхуэзащ Кардиоцентрым и дохутыр нэхъыщхьэ Щэрдан Нодаррэ Москва кьикIа кардиохирургэу Къанэмэт Таймураз (КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр кьиухащ), Данилов Данил, гу-лъынтхуэ хирург Жугинисов Давлетрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ кардиологие Iэнатlэм зегъэужьыныммкIэ, иджырей медицинэ Iэмэпсымэхэр, технологие лъагэхэр зи лъабжьэ IэзэгкIэщIэхэр къэгъэсэбэпныммкIэ щIэ хэкIыпIэхэм.

КъБР-м Узыншагъэр хуэмэныммкIэ и министерствэм и пресс-Iухэущ1апIэм хьыбар кьыззрыдигъэщIамкIэ, 2017 гъэм республикэм «Гу-лъынхуэ хирургие» унэтIныныгъэмкIэ технологие лъагэхэр кьагъэсэбэпу операцэу 829-рэ щрагъэкIуэкIащ. Ди къэралым и нэгъуэщI щыналъэхэм фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ Iэхуэхтьэбзэхэр щызэхуэсыжащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху 548-м. Кардиологие центрым и нэIэ щIэтщ район сымаджэщхэм гу-лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ и куэдамэхэр икIи абыхэм кIуэузэ сымаджэхэм чэнджэщэр ират, «онлайн» Iэмалыр кьагъэсэбэпурэ видео зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкIуэкI.

Хьубий Марат кьыхиугъэщащ республикэм кардиохирургие Iэнатlэр кьыззрыщIэзэрагъэпэщащ, апхуэдэу лъынтхуэ узыфэхэм епха федеральнэ программэр гъэзэщIэн зэрыщIадзэрэ гу-лъынтхуэ узыфэхэм илыкIхэм я бжьыгъэ хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ зэрыхъуар: 2014 гъэм щегъэжьауэ процент 32-кIэ ехащ, 2017 гъэм - процент 10,3-кIэ.

- Лэжьыгъэр адэкIи зэредгъэзэфIэкIуэным дыхъущIкъун хуейщ, Бакулевым и цIэр зезыхьэ Гу-лъынтхуэ хирургиемкIэ щIэныгъэ центрым хуэдэ федеральнэ клиникэхэм даззрыдэлажьэм Iэмал кьыдет ди Iэзэгъэм хэдгъэхъуэну, сымаджэхэм фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ Iухэутхьэбзэхэр яхуэтщIэну икIи абы и лъэныкъуэкIэ едгъэжьа Iухэум пытщэнущ, - жиIащ министрым.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Ебгъуанэ зэIущIэращ къыщыхагъэщIэфар

СКА (Дон Iус Ростов) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (0:0). Батайск. «Локомотив» стадион. Мэлыжьыхьым и 4-м. Цыхуи 150-рэ ельащ.

Судьяхэр Костевич (Курск), Селезнёв (Воронеж), Мирошник (Ставрополь).

«**Спартак-Налшык**: Щоджэн, Лелюкаев, Тебэрды, Ольмезов, Газаев (КIэдыкъуей, 66), Мэшыкъуэ, Михайлов (Дэхъу, 81), Шаваев, Каркаев (Белоусов, 85), Машэжь (Къурмэн, 83), Бацэ.

СКА: Афанасьев, Рябоконь, Фёдоров (Ермаков, 64), Борисов, Мироник, Гаранжэ, Гыстаров, Клышэ (Наполов, 72), Гусейнов (Гребенюков, 90), Демидэ (Чернышов, 46), Бабаев (Боков, 62).

Топыр дигъэкIащ Гусейновым, 81 (1:0).

Дагъуэ къыхуащIащ Рябоконь, Демидэ, Машэжьым, Шаваевым, Борисовым.

КУЭД ЩIАУЭ дызыщIэхъуэпс гуп мы гъэм щызэхуашэсащ «Спартак-Налшыкым». Абы зы цIыхуи хэтткъым Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщамылъхуауэ икIи топ джэгуным зыщыхуимыгъэсауэ. Къэзыльыгтэкэр гъунэжт апхуэдэ щIыкIэкIэ футбол командэ иджырей зэманым зэхамылъуэвэу икIи Iэмал имыIэу нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIахэр зыхэгъэхьапхъэу. Армырауэ екъуIэныгъэ щымыIэну жызыIаxэм дерс щхьэпэ иратащ Трубицин Сергейрэ КIэбышэ Зауррэ щIымахуэ кIуам зэхуашэсахэм. Мы гъэм зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэжрэ я хьэрхуэрэгъу псори хагъащIуэ ахэр къэкIуэкIащ, икIи я джэгукIэфIымкIэ дэрэжэгъуэ къыдат, къэкIуэну дахэр зэрагъэ наIуэ тщащIу.

Дауи, текIуэныгъэ защIэкIэ гъащIэр зэхэлъкъым, укъыщыхагъэщIи абы ущрохьэлIэ. Апхуэдэу бэрэжьей кIуам къыщыхуауащ Батайск къалэм - зэIущIэм и кIэухым Дон Iус Ростов и СКА-м зы топ закъуэ къызэрыхудигъэкIам и зэранкIэ да щIалэхэм къатекIуащ. АбыипэкIэ джэгугъуэ 8 хъуэуэ налшыкдэсхэм зыри кьапэлъэщатэкъым. Нэгъабэ жэпуэгъуэм и 29-м Армавир кьызэрыщыхагъэщIэрэ ахэр 6 я хьэрхуэрэгъуэхэм ефIэкIат, адрей 2-м щызэрытетэкIуатэкъым. Абы щыгъуэми ди щIалэхэм топ 14 дагъэкIат, кьыхудагъэкIар зэрыхъур 3-т. Дэтхэнэ командэ лъэрызехьэм и дежкIи ар екъуIэныгъэшхуэщ, зэхуашэсагъащIэ гупым и гугъу умыщIыххи.

СКА-м щыдэджэгуами, «Спартак-Налшыкыр» нэхъ жьыджэру щытащ, псом хэмылдэу зэIущIэм и кIэухым. Бацэ Кьантемыри, Мэшыкъуэ Хьэмили, Машэжь Ратмири, адрейхэми кьыкхэжанЫкIыну Iэмал гъэззэджэхэр яIащ. АрщхьэкIэ мы зэм я насып кьикIакъым.

Джэгум и кIэухым ди щIалэхэм я къарур зэкIуэщIар къагъэсэбэпри, хэгъэрейхэм щIакъуэщ икIи очкоищр яфIэзыгъэкIуэда топ закъуэр дыдейхэм кьыхудагъэкIащ. Псалъэм къыдэкIуэу кьыхэдгъэщынащ, налшыкдэсхэр дяпэкIэ нэхъ елэжьыпхъэщ я зэфIэкIыр зэIущIэм и кIыхьагъкIэ зэрытрагъэшэным. ЖьыпIэну иригъащIу иужь джэгуугъуищми я кIэух дыдэ дакъикъэхэм топ кьызэрыхудагъэкIар.

А Iуэхугъуэм егупсысыну «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм махуэ зыбгъупщI яIэщ. Ахэр кьахухьуэкIащ дызыхьуэкIуэ тхьэмахуэм зыIущIэн хуея «Ипщэ» гупым я щыджэгуну махуэр ягъэIэпхъуэну кьызэрылъэIуам. Профессионал Футбол Лигэм ар диIыгъащ. Иджы ди щIалэхэм краснодардэсхэр кьыщагъэблагъэнущ накъыгъэм (майм) и 24-рщ.

АдэкIэ фыщцыгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхъэззэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Армавир»	23	18	4	1	53-12	58
2.	«IэфIыпс»	23	18	4	1	51-12	58
3.	«Краснодар-2»	22	13	4	5	47-18	43
4.	СКА	24	11	8	5	35-21	41
5.	«Спартак-Налшык»	24	10	8	6	33-20	38
6.	«Чайка»	23	10	7	6	29-19	37
7.	«Дружба»	24	11	3	10	28-38	36
8.	«Черноморец»	23	10	5	8	32-22	35
9.	«Легион Динамо»	24	9	6	9	21-19	33
10.	«Академия»	24	9	5	10	21-34	32
11.	«Биолог-Новокубанск»	24	9	5	10	23-29	32
12.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	23	7	5	11	21-23	26
13.	«Ангушт»	23	6	6	11	23-38	24
14.	«Спартак-Владикавказ»	23	5	4	14	18-36	19
15.	«Анжи-2»	24	4	4	16	21-43	16
16.	«Динамо-Ставрополь»	22	3	5	14	24-53	14
17.	«Кубань-2»	23	3	1	19	17-60	10

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхъэззэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Хьыбарегъащ1эхэр

Фыкъеблагъэмэ тфIэфIщ!

Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым республикэм и щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ фрегъэблагъэ и лэжьыгъэ нэхъыфIхэм ящыщ зым.

Мэлыжьыхьым и 9-м, сыхьэт 19-м щIидзэу щыIэнущ Энекен Мейо и тхыгъэм къытращIыкIа «Моя жена лгунья» спектаклыр.

Фыкъеблагъэ Музыкэ театрым! Упщ1э зиIэхэр 42-64-12, 42-17-87 телефонхэм

● Зы уэрэдым и хъыбар

«ХЬЭСАНШ»

Зи къалэмыпэм уэрэд дахэ куэд къыщІэкІахэм ящыщщ уэрэдус, макъамэтх Пщынокъуэ БетІал. Сыт хуэдэ уэрэд иусами, ахэр псори ди гъащІэм къыхэнащ, дзапэ уэрэд хъуауэ цІыхухэм яІурылъщ.

НОБЭ къыхэтха уэрэдыр дунейм къытехьащ илъэс хьщІ хуэдизкІэ уэлІэбэкІыжмэ. Псалъэри макъамэри апхуэдизкІэ зэхуэкІуэу итхащи, зэ уедалІэкІэ уи псэм зигъэнщІыркъым. Си жагъуэ зэрыкъуащи, сэ БетІал сцІыхуу щытакъым, ауэ абы илъэс куэдкІэ дэлэжьа, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Бекъазы Іэдэм, мы уэрэдым и гугъу сщІыну къыщищІэм, къызжиащ: «Зы пэшым БетІал сэрэ илъэс куэдкІэ дыздыщІэсащ, къыщинэмыщІауэ, уэрэдхэм теухуауэ щыІа художественнэ советым тІыри дыхэтащ. А зэманым сфІэгъащІэгъэну ар и уэрэдхэм тезгъэпсэлъыхьу щытащ. КъызэрызжиІамкІэ, уэрэдыр кІуэрыкІуэм тету и щхьэм кьихьа гуэрым теухуауэ итхьу арат. «Мы уэрэдыр мыбы хуэзусащ е мыпхуэдэ хъыбарщ лъабжьэ хуэхъуар», - жиІэу зэи зэхэсхакъым. Нэхъыщхьэр, сыт хуэдэ уэрэд итхами, псоми хуабагъ гуэр щІэльщ, езы Пщынокъуэ БетІал цІыху дахэу дунейм зэрытетар кьрипщІэу.

Пщынокъуэм и уэрэдхэм дахагъэ, гуапагъэ хэлъщ. Арауи къыщІэкІынщ уэрэджьІакІуэхэм ахэр яфІэфу щІагъэззэщІари цІыхухэм ягу щІыдыхьэри.

«Хьэсанш» уэрэдыр япэ дыдэу зыгъэззэщІар Шэджыхьэщ Полэщ, нэхъ иужьыІуэкІэ ПащІэ Ленэ жиІащ.

ХЬЭПЦІЭ-КІУНТЫЩЦ Аннэ.
КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист.

* * *

Услъагъуэ си гуапэщ, сэ сыпхуэзэш.
Си пшынэм уи къафэр фІэфІу хеш.
Сыпшэну жьпІакъэ, Шъджэм сыдэш,
Шууейуэ сэ си Хьэсанш.

Къурш лъапэм шы гуартэр гъатхэм щогъэхъу.
Къуршыщхьэм утету сэ къысщохьу.
Уи щытхъур зымыщІэ ТІуащІэм дэмыс,
Уэрэдыр сэ пхузоус.

Уи шыгъуэм утесу си нэгу ущІэтщ,
Шыгъажэм зипчамэ, япэ уитщ.
ЩІэх-щІэхыу си анэм и малъхъэ зыщІ,
Си Іуэхур кІыхьлІыхь умыщІ.

Си щІасэу си шыхъуэр псоми уащІыху,
Хуабагъэ зигу пхуилъыр мыхуэмыху,
Ди къуажи уощІыхур - зы дээмыгъуэж,
Фи къуажэ нэхъ сфІэдэхэщ.

Услъагъумэ си гуапэщ, Іейуэ сыпхуэзэш,
Си пшынэм уи къафэр фІэфІу хеш.
Къэфэну къытехьэм си сыкъыдеш,
Сисыну сыфІэфІщ фи деж.



● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Кавказ зауэм и зы теплъэгуэ.
Сурэтыр **Горшельт Теодор** *ищІащ. 1859 гъэ*

● ГъэщІэгъуэнщ

ЦІэ дапщэ иІэ Іуащхьэмахуэ?

Европэм и Іуащхьэ нэхъ льагэ дыдэ Іуащхьэмахуэ ижь-ижьыж къандэрэ лъэпкъ куэдым фІыуэ яцІыху икІи ялъагъу. Лъэпкъ къэси абы езым и цІэ фІищащ.

«Эльбрус» псалъэр персыбзэщ, «Іуащхьэ лъагэ» жиІэу аращ. Иранми абы ещхь цІэ зиІэ куршхэр щыІэщ, «Эльбурс»-кІэ еджэу. Абхъазхэм «Орфитуб» жаІэ - «ФІыгъуэ къызыдэкІуэ Іуащхьэ» жиІэу аращ. Балъкъэрхэм «Минги Тау» жаІэ - «Минхэм я Іуащхьэ» къикІыу». Адыгэхэм «Іуащхьэмахуэ» жаІэ - «Насып къызыдэкІуэ Іуащхьэ» къырагъэкІыу.

Алыфбейр къыззрагупсысар

ЯгъэщІыкІэ псалъэхэр, пычыгъуэхэр къызэрыкІ сурэт цІыкІухэр къагупсысащ. Нэхъ кІасІэуэу финикий сондэджэрхэм хьэрф языныкъуэхэр къарагъэжьаащ, ауэ ахэр хьэрф дэкІуащэт. ИтІанэ ди эрэм и пэкІэ IX-VIII лІэщІыкІагъуэхэм пасэрей алыджхэм хьэрфэшэхэри къарагъэжьащ икІи абыхэм я тхыбзэр «альфэрэ» «бетэу» зэхэтт.

Урысхэм я деж ар къэсащ икІи славяныбзэкІэ «аз», «бука» хуащ, абыи къытекІащ «азбука» псалъэр. Дунейм тет лъэпкъхэм я нэхъыбэм езым я алыфбей къагупсысакъым, нэгъуэщІхэм яйхэр къагъэсэбэпауэ аращ. Дэри, адыгэхэми, урыс алфавитыр къыдогъэсэбэп.

Тхыгъэ кІэщІхэр

* * *

ТхакІуэ! Фіыуэ укъэзылъагъу тхылъеджэ куэд зиІэнум ящыщ Тхьэм ущІ. Ауэ зэи Тхьэм уимыщІкІэ уи тхылъеджэм зэрыжиІэм хуэдэу утхэн: утхэмэ - япэу зи щІыб къыпхуэзыгъэзэжьынур аращ. Сыту уищІын абы, езыр фІыуэ зыщыгъуаззэм фІэкІ умытхмэ?!

* * *

ТхакІуэм лІыхъужьхэр художественнэу къыгъэлъэгъуэнырщ и къалэнир, армыхъуамэ «мыр Іейщ, мор фІыщ, мыр захуэщ, мор къуаншэщ» жиІэу зэхидзын хуейкъым. Литературэмрэ прокуратурэмрэ я хабзэр зыкъым.

* * *

ЦІыху къэс иІэжщ езым и макъ. Ауэ къищынэмыщІауэ, усакІуэм иІэщ и гум и макъи.

* * *

Бгыщхьэм дэкІыну зызыгъэхьэзыр альпинистым къыздищтэр сэбэп къыхуэхъунур аракъым, атІэ Іэмал имыІэу зыхуэныкъуэнуращ. ТхакІуэми япэ къиГуэтыр и тхыгъэм хигъэувэ хъунукъым, хигъэувэн хуейр хэмытынкІэ Іэмал зимыІэрщ.

* * *

Литературэр пщІын щхьэкІэ, ТхакІуэу ущытын хуейщ, зыкъомым ар нэхъыщхьэу къамылъытэ пэтми.

* * *

Газет къеджэф зыкъомым я гугъэщ уси къеджэфу, ящІэркъым газетым тет адрей тхыгъэхэм хуэдэу усэми укъеджэ зэрымыкъунур, абы папщІэ Іэзагъэ, щІэныгъэ щхьэхуэ, дахагъэр кууэ зыхэзыщІэ гу уиІэн зэрыхуейр.

* * *

Зи шкІащІэр лІа жэмыр къашын папщІэ къыззрагъапщІэ хьэуазэкІэ къуа шкафым ещхьщ ящыныкъуэ усакІуэхэм, тхакІуэхэм цІыкІухэм я пащхьэ иралъхъэ тхыгъэхэр...

* * *

УсакІуэм дежкІэ гуфІэгъуэщ Усэр къыщцыкуеблагъэр. А сыкъэтыпэр гъэлъэпІэн хуейщ, Ар зищІысыр ищІэркъым Усэр къызэрыкІуэр зымыгъэунэхуам.

* * *

Усэ Іей зэратхым щхьэкІэ фымыгуазвэ: ахэр дунейм къытохьэ куэд мыщІэу зэрылІэжьынумкІэ суд тращІыхьауэ.

* * *

Творчествэр ехъулІэныгъэкІэ къыщІэбдзэныр Іэмалынщэкъым, нэхъыщхьэр - ехъулІэныгъэкІэ бухьныр щ.

* * *

ТхакІуэм дежкІэ нэхъыщхьэр мурад дахэ иІэхэр, игъафІэ образхэр зыхэмыкІ гупсысэхэр аракъым, атІэ дунейм къытехьа, цІыхухэр зэджэ, нэгъуэщІу жиІэмэ, «лэжьэн» щІэзыдза и тхылъырщ.

КЪАГЪІРМЭС Борис,
КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ.

● Адыгэ хабзэ

Анэмэтым гъерэт ухуэмыхъу!

Уи щхьэ ущытхъужьныр, умыщІа лІыгъэ пІуэтэныр, пкІэрымылъ щытхъу зыкІэрыпІхьэныр, къомыкІун Іуэхум зыкІэрыщІэныр адыгэ хабзэмкІэ емыкІуу ялъытэрт.

ПАСЭРЕЙ адыгэхэм емыкІуу, лІыгъэншагъэу ябжьырт къилэжьа Іэху «сыхъуат», «сыщІат» жиІэу иІэтэжьныр. Ар адыгэлІым и щхьэм хуигъэфащэртэкъым. «Сеуэри, сыуІащ», «сеуэри, сыукІащ», - жиІэу хъыбар пхуиІуэтэнутэкъым. «Сеуащ», - жиІэну и щхьэ трилъхьэртэкъым. АтІэ, хъыбарыр щиІуэтэжкІэ: «Си Іэм Іэщ1элъ къамэр ехуэхри, лІыр уІэгъэ хъуащ», «Си Іэм Іэщ1элъ фочыр уэри, лІыр джэлащ», - жиІэрт. Езым и Іэху хэмылъу, ауэ къэхъуа хуэдэут зэриІуатэр.

Хьэщ1эм хуэдэу нэхъыжьхэми нэмыс хуащІырт. Нэхъыжьхэм андез ищтэмэ, абы и пыІэр щхьэрихьрти, иныгъыу щхьэщІытт нэхъыщІэр. Ауэ апхуэдэм нэхъыбэу щхьэщІытыр цІыхубэт. И пыІэр иІыгъыу, и дамэм напэІэлъэщІыр еупщІэкІауэ щхьэщІытт, андез щтэн иухыху. Андез щтэн зэриухыу, напэІэлъэщІымкІэ зригъэлъэщІырти, и пыІэр щхьэритІэгъэжьрт. Ауэ андез зыщтэм псыр тракІэуэрэ ирагъащтэ хабзэкъым, езым и Іэкі3 зытрикІэжьрт.

«Анэмэту узот», - жиІэрэ зыгуэр ирагъэхъумэну иритамэ, ар хуэмыгъэзащІэмэ, емыкІушхуэт. Апхуэдэ Іэхур умыгъэззщІэныр Іэмал имыІэу адыгэ хабзэм къигъэуэвырт. «Анэмэтым гъерэт ухуэмыхъу!» жьхуаІэ псалъэр абы къытекІащ. Абы къикІыр - «анэмэтым уемыпцІыжу хуэгъэззащІэ!» - жьхуиІащ.

АдыгэлІым нэпцІу Іэщ хъурихыртэкъым, кърихами, хуэфащэ имыщІауэ ирилъхьэжьртэкъым. Ирилъхьэжами, лІыгъэншэт. «Нэпцу Іэщ къыумых, къипхами, хуэфащэ ирумыщІэу ёомылъхьэж!» - жаІэу псалъэжь щыІэщ.

Адыгэм къадэгъэгурыкІуэ хабзэхэм ящыщщ: жэм къащэхуамэ, пщІантІэм къызэрыдыхьэу хугу Іэбжьыб къыщІахьрти, абы тракІутэрт, «Ялыхь, мыпхуэдизкІэ тхуэгъэбгъуэ», - жаІэрт.

ЦІыхухэр зэдзІэпыкъуу, хабзэ яку дэлъу щытащ. Зыгуэрым хьэгъуэлІыгъуэ иІэмэ, мэл зиІэхэм я деж кІуэрти елъэІурт: «Мыпхуэдэ Іуэху сиІэти, зи хьэщІэныш щхьэкІэ лъэІуакІуэ сыкъыпхуэкІуащ», - жиІэрти. А здэкІуам тІэкІынитІэ цІыхугъэ хэлъу щытмэ, ныш къиримыту къиГэкІуэжьэрэкъым. Нышу нэхъыбэрэ ятыр щынэт.

Адыгэм ижь лъандэрэ къызэгъэуэгурыкІуэрт зыгуэрым и щыгъын, и хьэпшыпІ нэгъуэщІ къехъуэпсауэ: «Мыр сыту дахэ», - жиІамэ: «Уехъуэпсамэ, узот!», - жиІэрэ тыгъэ хуищІу. «Узот» жьІэныр хабзэщи, жиІэт, ауэ апхуэдэ тыгъэр псоми Іахтэкъым. «УщехъуэпсакІэ» жиІэу лІыгъэкІэ езыти щыІэт. Ныбжьэгъу, гъунэгъу хуэдэхэрт апхуэдэ тыгъэр нэхъыбэу зэІэпызыхьр.

Адыгэм Іэщ, псом хуэмыдзу, шы фІыуэ ялъагъуу къекІуэкІащ. Шым епха Іуэхухэм щІалэгъуалэр дихьэхырт. Къызэдзэжну, шыбгъэрыуэ зэдзэджэгуну, шы жэрыжэм тесу еІэбыхьуэрэ зыгуэрхэр щхьэкІэ зэшкъуэкъуу щытащ.

ЦІыхубэхэм нэхъыбэу я лжьыгъэр щІакІуэ щІыныртэ, упщІэ гъэпщІэныртэ, цей зэІущэныр.

Адыгэхэм я гуфІэгъуэ Іуэхухэр джэгуакІуэхэмрэ ажэгъафэхэмрэ ягъэдахэу щытащ. Абыхэм сыт хуэдэ Іуэхури нэгъэзыужьу къызэрагъэпэщырт, ахэр зыхэмыт зэхьхьэр мыхъуауэ къалъытэрт.

ЩОДЖЭН Хьэзешэ.

Псалъэзэблэдз



Екіуэкіыу: **1**. Псы къиуам и архъуанэр апхуэдизкІэ куущи, ... зэтес щІигъэнэнущ. **5**. Гъэшхэкі. **7**. А удэым уеІусэмэ, укъисынщ. **8**. Ныкъусаныгъэ, сэкъат, ... **9**. Зи щхьэгъусэм къыбгъэдэкІыжа цІыхубз. **10**. « ... дахэкІей» - Къардэн Хьэсэнрэ Бахъуэ БетІалрэ яуса уэрэд цІэрыІуэ. **13**. Адыгэ цейм и щІагъым щІалъхъэ щыгъын. **15**. Хадзэкі. **18**. Шым и ... макъ бом кьыщІэІукІащ. **19**. Литературэ тхыгъэшхуэ. **20**. Унагъуэ псэущхьэ щхьэзыфІэфІ. **22**. Языныкъуэ къуажэдэс унагъуэхэм я гъавэ, ерыскъыпІхъэ хъумапІэ. **24**. Кавказ Іщхъэрэм ис лъэпкъышхуэ. **26**. Гъатхэр къыззрихьу жыгхэм ... иратащ. **27**. ЩІакъуэ фІыщІэ къызыхащІыкІ хьэцэпэщэ къэкІыгъэ. **28**. ЦІыхухъуцІэ е Къэрмокъуэ Мухьэмэд и роман. **31**. Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щІыналъэхэм щджэх псы. **33**. ТхьэкІымэкІыхьхэм фІыуэ ялъагъу хадзэкІ. **34**. ЩІымахуэ ... е гъэмахуэ ... . Е ... хьэпІащІэ. **35**. Унащхьэ блыным дэкІуэу къыпыт натІэ. **36**. Бын. **37**. ... гъущэрылърэ фызэ игъэплъа лІырэ.

Къехыу: **1**. Дзэлыкъуэ районым щыщ къуажэ. **2**. Нартхэм я ныкъуэкъуэгу лъэпкъ. **3**. Мэкъу Іэтэ. **4**. Къыдалъхуауэ цІыхум и щІыфэм хэт. **6**. Пхъэщхьэмыщхь, хъуа иужь гъуэжьрэ Іэфіу. **11**. Адыгэ композитор цІэрыІуэ, Урысей Федерацэм и къэрал саугъэтыр зрата. **12**. Псы, шэ зракІэ хабзэ кумбыгъэ. **14**. ЛІы мэжэлІам Іэнэм кьыхутрагъэува ерыскъыр ... хуэхъуакъым. **16**. ХьэщІэ къэкІуам хуаукІ Іэщым (нэхъыбэм мэл) апхуэдэу йоджэ. **17**. Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь ... Хьэлий. **18**. Бгым и лъагапІэ. **21**. Мэ дахэ къызыхих ткІуаткІуэ. **23**. Зэхьэзэхуэм щытекІуэ бригадэхэм Совет зэманым иратту щыта щэкІ кІапэ пльыжь. **24**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, псым ихьыр абы йопхъэ. **25**. Зи нэхэр зэблэпль. **26**. Ахъшэ жьгъей. **27**. Ди гъунэгъу тыкуэным ... зэмылІэужьыгъуэ куэд щІэльщ. **29**. ЦІыхуфІ и ... дэгущ. **30**. ЕплІанэ нэмэз щІыгъуэ. **32**. Хуэмыху, течыгъуей, хуэм дыдэу Іуэху зылэжь. **34**. Фочышэу къагъэсэбэп бдзапІэ хъурей цІыкІу.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Гъатхэпэм и 31-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **3**. Кьанкъуэщ. **5**. Щэрмэт. **7**. Без. **8**. Мадинэ. **9**. Мыщафэ. **10**. Лэгъуп. **12**. Дэлэн. **14**. Кьады. **15**. Къущ. **16**. Жьэмей. **18**. Уэ. **23**. Хьэм. **24**. Псы. **25**. Гъуэз. **28**. Мы. **30**. Борис. **33**. Гъуо. **34**. Лэпс. **35**. Фэтэр. **37**. Хъурмэ. **40**. Нэбзий. **41**. Уэрэдж. **42**. Уэгъу. **43**. Кьщпэк. **44**. Чыщмыщ.

Кехыу: **1**. Лэгъунэ. **2**. Уэчыл. **3**. Къамылыкъуэ. **4**. БетІал. **6**. Тхъэрыкъуэф. **11**. Пыжь. **12**. Дыжь. **13**. Ней. **14**. Кьаз. **17**. Мысыр. **19**. Щхьэ. **20**. Умэ. **21**. Бгъуэ. **22**. Бзу. **26**. Смоленск. **27**. Иочэнджэщ. **29**. Уэс. **30**. Быф. **31**. Сыр. **32**. Дэхъу. **36**. ТепІэн. **38**. Сибэч. **39**. Хьэшыр.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элдэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщэныджэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныбмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэ-дзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суратехым - 42-75-78.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня,** *редактору* **ЖылаСэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(3, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепІэр яцІащ* **Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ,** *суратхэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхъэзырац.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531● Тираж 2.046 ● Заказ №354

Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

КІэртІоф гъэва

Шыуаным тхъу ираІъхьэ, пэшхьэкум трагъэувэри ягъэткІу. Абы тыкъыр щІыкІуурэ упщІэта бжьын халъхьэри мафІэ щабэм тету зэІащІэуэрэ ягъэлыбжьэ, шыбжий сыр хьэжа хаудэри зэІащІэуэрэ тхъуэплъ дахэ хъуху ягъэлыбжьэ, псывэ щІакІэри зы дакъикъэ ныкъуэ хуэдизкІэ зэІащІэуэрэ кьагъэкъуалъэ. Абы кІэртІоф укъэбза мыупщІэтар халъхьэ, шыгъу хадзэ, шыуаныщхьэр трапІэри, мафІэ щабэ дыдэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ. КІэртІоф вар тепщэчым ираІъхьэ. Абы и щІыІум тракІэж кІэртІофым къыщІэна псцр, лыбжьэри и гъусэу. Пщтыру яшх, шатэ, шху, кхъуей, нащэ гъэфІэІуа - щхьэж фІэфІыр - и гъусэу.

Халъхьэхэр (цІыхуиплІ Іыхь):
кІэртІоф укъэбзауэ - г 800,
зэрагъэзэну псыуэ - г 400,
тхъууэ - г 150-рэ,
бжьыныщхьэ упщІэтауэ - г 300,
шыгъуу, шыбжий плъыжь сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

Нартыху зэтеуда хьэнтхъупс

Нартыху зэтеудар тІэу-щэ щІагъэпщ, псы щІыІэкІэ плІэ-тхуэ ялъэс, итІанэ шыуаным ит псы къэкъуалъэм хакІутэ зэІащІэуэрэ, тхъурымбэр кьытрах, мафІэр щабэ ящІри шыуаныщхьэр тепІауэ дакъикъэ 20-25-кІэ ягъавэ, Іув хьуху. Абы зэІащІэуэрэ шэ гъэпщта щІакІэ. Шыгъу хадзэри щІэх-щІэкьыпрэ зэІащІэуэрэ хьэзыр хуху ягъавэ. Пщтыру фалъэ куум иракІэри шатэпс тракІэж. ЩІакхъуэ е лэкъум дашх.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхь):
нартыху зэтеудауэ - г 50,
псыуэ - г 300,
шэ щІэмыхуу - г 400,
шатэпсу - г 50,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.